ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

АДЫГЭ ЛIСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№135 (22.543) • 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 16, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

2013 гъэм и яп кварталым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и Iуэхуфи

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2013 гъэм и яп кварталым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адзкIэ - республикэ бюджетыр) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетым хэплъауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къеГъэлъагъуэ отчет лъхъэнэм къриубыдэу республикэ бюджетыр хэхъуэхэмкIэ сом мин 6920020,4-кIэ, е илъэс кIуам и процент 27,4-кIэ, абыхэм ящыщу налог хэхъуэхэр сом мин 1591682,7-кIэ, налогхэм ящымыщу хэхъуэхэмкIэ сом мин 258173,6-кIэ, ямыпшынахыу къаIэрыхьэ ахъшэмкIэ сом мин 5069164,2-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар.

Республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэр 2012 гъэм и яп кварталым елытауэ сом мин 1017134,4-кIэ (зэрыхэхъуа псынщIагъыр процентI 117,2-рэ), абыхэм ящыщу ямыпшынахыу къаIэрыхьэ ахъшэмкIэ сом мин 843769,7-кIэ (процентI 120-кIэ) нэхъыбэ хъуащ.

Отчет лъэхъэнэм республикэ бюджетым къыIэрыхьа налог хэхъуэхэм я хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щытащ акциз зытехуэ товархэм щхьэщатыкIа акцизхэр, цIыхухэм я хэхъуэхэм ятехуэ налогхэр, организацIэхэм къаIэрыхьэ фейдэм техуэ налогыр, мылькым техуэ налогыр. Отчет лъэхъэнэм къриубыдэу акциз зытехуэ товархэм акциз ахъшэу щхьэщатыкIащ сом мин 581954,6-рэ, е илъэс планым и процент 13,2-р. ЦIыхухэхуэхэм къаIэрыхьэ хэхъуэхэм ятехуэ налогыу яп кварталым республикэ бюджетым сом мин 541125-рэ, е илъэс планым и процент 20,6-рэ, хапхъащ. ОрганизацIэхэм я хэхъуэм техуэ налогыу сом мин 264274,4-рэ, е илъэс планым и процент 22,6-рэ кыьхахащ. «Мылькым техуэ налогхэр» лIэужьыгъуэм хиубыдэу 2013 гъэм и яп кварталым республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм сом мин 122462,4-рэ хапхъащ, ар илъэс планым и процент 13,1-рэ мэхъу.

2013 гъэм и яп кварталым республикэ бюджетым и хэщIэр сом мин 4500828,9-рэ хъуащ. Ар илъэс планым и процент 16,2-рэ хьуэ аращ. Апхуэдэ бжыгъэхэр къэплъытэмэ, отчет лъхъэнэм республикэ бюджетыр игъэзэщIащ профицитыр сом мин 2419191,5-рэ хъуэ.

А псоми япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ешI**:

1. 2013 гъэм и яп кварталым республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчетыр къэлытэн.

2. Республикэ бюджетым и хэхъуэхэм я къыдэзэпэщакIуэ нэхъыщхьэхэм яхуэгъуэвыни налогхэр, фIэкIыпIэ имыIэу ят адрей ахъшэхэр къыхэнымкIэ, абыхэм я лъэныкъуэкIэ щыIэ щIыхухэр гъэмэщIэнымкIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр зэфIэкIыну.

3. Мы Унафэм зэрагъэзащIэм кIэлыплъыну къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iым и яп къуэдзэ ЖАНЫМ Руслан

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№1620-IУ-IП.

• Шэджэм щIынатIэ

Iуейм зыщахъумэ

Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Бакъ Руслан и жэрдэмкIэ, районым и щIынатIэр Iуей уз зэрыцIалэм зэрыщащхьумэну щыкIэр ягъэбелджылащ. Быльмыр къызэрыщхьэм, зэрагъэIэпхъуэм, IэщхэкI ерыскъыхэр зыхуэдэм кIэлъоплъ, былым укIыпIэхэм, фэ хъумапIэхэм ветеринар-санитар хабзэхэр зэрыщагъэзащIэр къапщытэ. Къэрал ветеринар Iэхъуащ Iапl эхэр, щакIуэ инспекцэхэр, мэз хозяйствэхэр зэуIуу зэдолажьэ. Районым и щIынатIэм щыIэ быльм псомкI - Iэщышхуэу мин 40-м щIигъум, мэлрэ бжэну мин 39-м, къуэуу 300-м нэблагъэм - мастэ халъхьащ.

- Iуей уз зэрыщIалэр Шэджэм районым щыIэкъым, - кIыхигъащащ куейм и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэ Къуэщыгъэсокъуэ Анзор.

КIАРЭ Элинэ.

• Ухуэныгъэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым *(нжьыкмкIэ етIуанэщ)* **ремонт ящI сымаджэщыр кьелпыкъ.** *Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Я лэжьыгъэр къепщытэ

Иужьрей илъэсхэм республикэм узыншагъэр хьумэныкIи я Iэнатlэм зэхьуэкIыныгъэхуэхэр щокIуэкI. УнафэщIэхэр хущIокIу цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр кьыззраIэтыным, а унэтIынытIэм зэрызрагъэужьныным. Гулытэшхуэ хуащI медицинэ Iуэхущапlэхэр сыт и льэныкъуэкIэ зыхуей хуэгъэзауэ зэгъэпэщыжыным. щIэуэ яухуэхэр иджырей мардэхэм тету егъэщIыным.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Хьэсанэ Руслан,** абы и кьуэдзэхэу **Портэ Галинэ, Уянаев Казым,** республикэм узыншагъэр хьумэныкIи и министр **Шэт Ирмэ** сымэ иджыблагъэ щыIащ Республикэ клиникэ сымаджэщым икIи ар зэрызэрагъэпэщыжым епльащ, дохутырхэм яIущIэри, я гурыгъу-гурыщIэхэми зыщагъэзгъуэзащ. Сымаджэщым и пщантIэр кьыззхапльыхьа иужь, ахэр япэу яхуэзащ журналистхэм. Льынтхуэ узыфэхэм зецIэзэ центрыр кьыщцIэзIуахынум щыщIэупщIэм, Хьэсанэм кьыхитIащащ Iуэхур псынщIэу и кIэм нэгъэсыным сытым дежи фIагъым уэзрыхуимышэр.

- Льынтхуэ узыфэхэм щеIзэз центрыр мы гъэм и фокIадэ мазэм кьызэIутхыну ди гугъащ, ауэ иджы а пlальэр дгъэкIуэтащ, - жиIащ Хьэсанэ Руслан. - Ар сыт и льэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзауэ хьэзыр щыхьунур щэкIуэгъэуэ мазэрщ. Унэм и мызакъуэу, абы кьегъэщIылIа щIыналъэри тэмэм зэращIыныхущIокIу. Абдежым щхьэнтIагъэр щытепщэу щытынущ, сымаджэхэм я деж щIэупщIакIуэ кьакIуэхэм папщIэ тетIысхьэпIэхэр ягъэувынущ. Кьапщтэмэ, узыншагъэр хьумэныкIэ Iэнатlэр нобэ зэрыт щытыкIэр зэльытыжар дэращ. Пэжыр жыпIэмэ, блэкIа ильэсхэм абы хуэфэщэн гулыытэ хуэтщIакъым, а унэтIынытIэр Iэпэдэгъэпэл тщIыри, едгъэхуэщ. АтIэ иджы нобэ абы худиIэ щытыкIэм зедгъэхьуэжынырди кьалэн нэхьыщхьэщ, ди кьару рогуи етхьэлIэн хуейщ щIыхуэхэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и фIагъыр кьыззрытIэтыным. Псом япэрэуэ, дохутырхэр зэрылэжьэну Iэмэпсымэхэмрэ хущхьуэхэмкIэ кьыззгъэпэщын, абыхэм я улахуэм хэгъэхъуэн хуейщ. Мис а Iуэхур тэмэму эзтеубла хьуа иужьщ абыхэм яхь жэуапльныгъэр дэ щыдгъэткIинфынур.

Мы зэманым республикэм и медицинэ Iуэхущапl э 26-рэ зэрагъэпэщыж. Абыхэм яхэтщ куэд льандэрэ яухауэ щытын хуейхэр. Ауэ нобэр кьыздэсым яхунэгъэсакъым и кIэм. Ар щIэпхъуэмэкIи бущэхукIи зыри и мыхьэнэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхухэр а Iуэхум фIы дыдэу щытыгъуазэщ. Иджы ди кьару псори абы етхьэлIэу мы ильэсым и кIэ пщIондэ а лэжьыгъэ псори духын хуейщ.

УФ-м и Президентым наместр Къумахуэ Мухьэдинрэ ирагъэжьащ. Саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Аттаев Жамал, ХьэфIыпIэ Мухьэмэд, Боцаев Рексан, Къардэн Мухьэмэд, «1 КъБР» ТВ-м и тхьэмадэ Дроздов Игорь сымэ.

Къумахуэ Мухьэдин Сэхэурокъуэ Хьэутий фIыщIэ хуищIащ журналистхэм гулыытэ кьаззрыхуищIам папщIэ. Министрыр телевиденэм и лэжьыкIуэхэм, журналистхэм ехьэхуащ ехьулIэныгъэ, узыншагъэ яIэу я Iэнатlэр ирахьэкIыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

• Москва къокI

Сабийр унагъуэм щыпсэун хуейщ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ къыIэрыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ, «Сабийр унагъуэм щыпсэун хуейщ» урысейпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым и унафэщI Железняк Сергей къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыльэ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я Iэдакъэщ Iэкъэ теухуа зэпеуэр кьыззрагъэпэщащ ЩIытыкIэ гугъу гъащIэм иригъэува сабийхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъу фондым, РИА Новости медиа-холдингым, Социальнэ хъыбарегъащIэ агентствэм.

Ар хуэунэIат Урысейм иц цIыхухэм сабийхэм хуащI гулытэр нэхъыбэ щIынымкIэ, абыхэм лей къатемыгъэхъыным, унагъуэмрэ бынымрэ я щIыхьыр Iэтыным, адэ-анэм я жэуапльныгъэр нэхъ кууэ зыхащIэным, сабийхэм егъэлеяуэ ткIийуэ, бзаджэу яхущIымытыным, адэ-анэм я нэ щIэмыту, зеиншэу къэнахэр унагъуэхэм къащтэным къыхуедэжным.

- ФIыщIэшхуэ фхудощI къэтIэта Iуэхум фыкъыпIэджэжу, ди щIыналъэм щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зэпеуэм хэтыну кьызэрызэпгъэпэщам папщIэ! Дыщогугъ дапжкIэ мы Iуэхум гулытэ хуащIыну. Ди фIэщ мэхъу зэгъуэгу дылажьэмэ, Урысейм иц унагъуэхэр нэхъ быдэ, зэрыIыгъ зэрыхъунур», - итщ Железняк кьигъэхьа фIыщIэ тхыльым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Ди къуэш республикэхэм

Емыжь Мулиат и фильм

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ комиссэ щхьэхуэм 2013 гъэм щIэныгъэм, литературэм, гуэвдэжьм и лъэныкъуэкIэ Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэщыну лэжьыгъэхэр кьыхах.***

КЪЭРАЛ саугъэтым хущIэкъуэхэм ящыщщ «Адыгея» ГТРК-м и журналист Емыжь Мулиат. Абы утыку кьрихьащ и иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщ «Черкесские султаны Египта» документальнэ фильмыр. Дакьикъэ 50 зыхуэхэа фильмыр теухуащ мамлюкхэм Египетым и тхьдэр зэфIэувэныну хуащIа хэлъхьэныгъэм, адыгэ лъабжьэ зиIэу иджы зэманым Мысырым щыпсэуэхэм.

Бжьыхьэсэр Iуахыж

Республикэм бжьыхьэсэ гъавэр ешкIэрэкIыу щыIуахыж. Иджыпсту абы и процент 83-м щIигъур зэщIакъуэжащ. Гектар къэс центнер 38,2-рэ кьытрахащ, зэкIэ тонн мин 300-м нэблагъэ яIуащ.

ЩIЫНАЛЪЭМ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм кьызэритымкIэ, хьэуэ тонн 54744-рэ кьрахьапIэжащ. Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэ гуэдзыр Iуахыж. Ар гектар мин 62-м щIигъум щызэщIакъуэжати, тонн мин 239,2-рэ кьрахащ. Рапсыр гектар мини 5,3-м (процент 98-м) щыIуахыжащ.

Езыр-езыру къокI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и хабзэхъумэхэм езыр-езыру къокI щIэным зрамыгъэубгъуным ехьэлIа Iуэхугъуэ хэхахэр ирагъэкIуэкI. Иджыблагъэ апхуэдэу гектари 8-м нэблагъэ ягъэкIуэдыжащ.***

ЧЕРКЕССК къалэм и къуэкIыпIэ льэныкъуэмкIэ гектари 7-м нэс щыпапущIри, ягъэсыжащ. Участковэ уполномоченнэхэм Усть-Джегута районым хьыкъ Важнэ къуажэм гектарым нэблагъэ щагъэкIуэдыжащ.

ЩIэпыр хабзэншагъэкIэ зыгъэкI, абы елэжь икIи наркотик хьэзырыр изыгъэкI цIыхухэмрэ зэщIэгъэуIуа гупхэмрэ къэхутэным икIи убыдыным теуха лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Мэкъуауэгъуэм и тIуащIэ льандэрэ полицейхэм шэч уэзыльэщI зэкIуэщIыльэр зыныгъ щыIу 15 ядубащ. Абыхэм ехьэлIа уголовнэ Iуэхугъэр къаIэтащ.

УЭРДОКЪУЭ Жанэ.

• Шэджэм щIынатIэ

Iуейм зыщахъумэ

Шэджэм муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Бакъ Руслан и жэрдэмкIэ, районым и щIынатIэр Iуей уз зэрыцIалэм зэрыщащхьумэну щыкIэр ягъэбелджылащ. Быльмыр къызэрыщхьэм, зэрагъэIэпхъуэм, IэщхэкI ерыскъыхэр зыхуэдэм кIэлъоплъ, былым укIыпIэхэм, фэ хъумапIэхэм ветеринар-санитар хабзэхэр зэрыщагъэзащIэр къапщытэ. Къэрал ветеринар Iэхъуащ Iапl эхэр, щакIуэ инспекцэхэр, мэз хозяйствэхэр зэуIуу зэдолажьэ. Районым и щIынатIэм щыIэ быльм псомкI - Iэщышхуэу мин 40-м щIигъум, мэлрэ бжэну мин 39-м, къуэуу 300-м нэблагъэм - мастэ халъхьащ.

- Iуей уз зэрыцIалэр Шэджэм районым щыIэкъым, - кIыхигъащащ куейм и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэ Къуэщыгъэсокъуэ Анзор.

КIАРЭ Элинэ.

Журналистхэм фIыщIэ хуащI

• Дунейпсо Адыгэ Хасэ

«ПСОРИ дызэхьыхьэнщи, ди лъэпкъэгъуэхэм дадэIэпыкъунщ» къыхуеджэныгъэм щIэту иджыблагъэ ДАХ-м и жэрдэмкIэ Налшык Дунейпсо адыгэ зэIуцIэщIхуэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ зауэ лыгъэм ягъэ Сириеи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм, абыхэм ящыщу хэкужьым къэзыгъэзэжьфаехэм ядэIэпыкъуным. Зэхьыхьэр зэрекIуэкIам теухуа теленэтыныр зыгъэхьэзыра телевиденэм и лэжьакIуэхэр «Трек» шхапIэм щагъэлъэпIащ.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыхигъэщащ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхъэ, жэщ-махуэ ямыIэу щIыналъэм къыщыхъу-къыщыщIэ Iуэхухэр пэжу къызэрагъэлъагъуэр, цIыхубэм я лэжьыгъэхьэсыр.

- Газетхэм, журналхэм, телевиденэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм я псэукIэр, ахэр зыхуэфIэщыщIэхэр пэжу къызэрагъэлъагъуэр узыгъэгуфIэщ. Творческэ лэжьыгъэ пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, хъыбарегъащIэ IэнатIэр зезыхьэхэми щIэныгъэ, зэфIэкI ябгъэдэлъщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. - ЦIыхубэм я IуэхущIафэхэр, я гугъапIэхэр журналистхэм къызэрагъэтым сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъоплъ. Дауи, гуапэщ апхуэдэ лэжьыгъэ мытыншыр къазэрехъуIэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, а Iуэхур зэрыкIуатэр унафэщIхэм зыкъомкIэ зэрелъытари.

Сэхъурокъуэ Хьэутий республикэм и телевиденэм, газетхэм я лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, зэхьыхьэр зэрекIуэкIам теухуа хъыбархэр щIыхубэм деж зэрынахьэсам пищIэ. КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм, ДАХ-м я щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ зыхуагъэфэщащхэм Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ мимэхэм я унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ зрагъэкIуэкIащ.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Къэжэр Хьусен** кIэщIу тепсэльыхьащ зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIам ар ящыщ, я лэжьакIуэхэм я улахуэм зэрыхагъэхъуам, сымаджэхэр пщIэнпIэу хущхьуэкIэ кьызэрызэрагъэпэщым, ахэр махуэм плIэнейрэ зэрагъашхэм, нэгъуэщIхэми.

- Республикэм щыIэ дэтхэнэ жедгъинэ IуэхущIапIэми ябгъэдэлъщ я сымаджэхэм ирахьэлIэну хущхьуэхэр кьызэрращхьи мыльку, - жиIащ Хьэсанэ Руслан. - Сымаджэм хущхьуэ кьрагъэщхьужу хьыбар зэхэтхмэ, дохутырхэм ткIийуэ жэуап яхьынущ. Фэ цIыхухэм кьыфхуаIэ щытыкIэр зыхуэдэр фщIэми сщIэркъым, ауэ сэ фы дыдэу зыхьэщIэ ахэр властым кьыззрытхущытыр - абыхэм дакъыфIэIуэхукъым. Апхуэдэ щытыкIэр льагъынытIэми льагъуэмыхьуныгъэмэ нэхъэ нэхъ шыгагъуащ. КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенрэ сэрэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжар цIыхухэм властым дзыхь зыхуэдгъэщIыжьныгъ, апхуэдэуи жыпIагъуэ я псэукIэр зэредгъэфIэкIуэнырщ.

Сытым дежи фи лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрызэфIэфхьыным фыхущIэкъуэхэщ. Апхуэдэ дыдэу сымаджэщыр зыхуэнэкъуэ Iэмэпсымэхэр кьыщыфщIэкъуэкIэ нэхъыфI дыдэхэрщ зыIэрывгъэхьэн хуейр, ар кьыззрегъуэкI хьэпшып цIыкIу гуэру щытми. Дыгъуасэрей хьэпшыпп кьыщIэпхэун щыIэжым, пщэдейрейм ухуэпльэу щытын хуейщ. ЗэрыжаIэу, уи щIхьэм хуэбгъэфащэрщ кьыльысыр. «ЦIэ ар тхуэфащэкъэ» кьыхуеджэныгъэм фытет. Мыльку и льэныкъуэкIи дэ зэрытхуэзэфIэкIкIэ зыфщIэдгъэкъуэнущ. Фэ кьалэнхэр кьытхуэгъэувэ, дэ ахэр зэрызэфIэдгъэкIыным дыхущIэкъунущ. ДяпэкIэ республикэм узыншагъэр хьумэныкIэ и Iэнатlэр ткIийуэ ди нэIэм щIэдгъэтынущ. Фэрэ дэрэ дыззэгурыIуэу дызэдэлажьэкIэрэ, ар зэредгъэфIэкIуэнум иужь дитын хуейщ.

ЩХЬЭЩIЭМЫЩI Изэ.



Щыуагъэр игъэзэкIуэж щIыкIэу

Швецием щыщ Умео къалэм дэт университетым и профессор Сваллфорс Стефан ЦРУ-м и лэжьакIуэу щыта Снуден Эдвард Нобель и щIэр зезыхьэ саугъэтыр хуэфащэу къелытыгъ.

«Снуден Эдвард хахуагъэ жьгъэлъэгуащ, ичъэбакъуэм езым кьыхуэхькIынкIэ хьуну щынагъэуми емыплIу, США-м и правительствэр электроннэ IэмалкIэ щхьэу щыхьэм зэракIэльапIэ щыкIэр хэIуцIыIу ищIри», - щыжеIэ профессорым Нобель комитетым зэрызыхуигъаз тхыгъэм.

Сваллфорс кьызэрилъытэмкIэ, «Снуден дыщыпсэу дунейр нэхъыфI, нэхъ шынагъэншэ ищIащ, пэжыр кьыджкIэри». Нобель мамырыгъэмкIэ и саугъэтыр 2009 гъэм Обамэ щыуагъэу хуагъэфащауэ зэрыщытар иджы бгъэзэкIуэж хьуну кьелытэ профессорым.

«Саугъэтыр «зыхуигъэфащэм» кьратыну ущыгугъыщи хьунукъым, - жаIэ политологхэм, - ауэ Сваллфорс щIэныгъэлIкIэм я деж Iулыджыкъуэ зэрыщIэрри Iуэхум хэпх хьунукъым».

• Москва къокI

Сабийр унагъуэм щыпсэун хуейщ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ къыIэрыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщIым и къуэдзэ, «Сабийр унагъуэм щыпсэун хуейщ» урысейпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым и унафэщI Железняк Сергей къыбгъэдэкI фIыщIэ тхыльэ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я Iэдакъэщ Iэкъэ теухуа зэпеуэр кьыззрагъэпэщащ ЩIытыкIэ гугъу гъащIэм иригъэува сабийхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъу фондым, РИА Новости медиа-холдингым, Социальнэ хъыбарегъащIэ агентствэм.

Ар хуэунэIат Урысейм иц цIыхухэм сабийхэм хуащI гулытэр нэхъыбэ щIынымкIэ, абыхэм лей къатемыгъэхъыным, унагъуэмрэ бынымрэ я щIыхьыр IэтынымкIэ, адэ-анэм я жэуапльныгъэр нэхъ кууэ зыхащIэным, сабийхэм егъэлеяуэ ткIийуэ, бзаджэу яхущIымытыным, адэ-анэм я нэ щIэмыту, зеиншэу къэнахэр унагъуэхэм къащтэным къыхуедэжным.

- ФIыщIэшхуэ фхудощI къэтIэта Iуэхум фыкъыпIэджэжу, ди щIыналъэм щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зэпеуэм хэтыну кьызэрызэпгъэпэщам папщIэ! Дыщогугъ дапжкIэ мы Iуэхум гулытэ хуащIыну. Ди фIэщ мэхъу зэгъуэгу дылажьэмэ, Урысейм иц унагъуэхэр нэхъ быдэ, зэрыIыгъ зэрыхъунур», - итщ Железняк кьигъэхьа фIыщIэ тхыльым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

И къулыкъум токI

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и IэнатIэм щекIуэкI дзэкъулыкъхэм я къулыдыкъыр, абыхэм я фIагъыр зыхуэдэр кьэщыгъэныр зи пщэ дэль федеральнэ IуэхущIапIэм и унафэщI Муравьёв Иван и къулыкъум текIыну зэриумыдыр хуIущIыIу ищIащ.

IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, абы и щхьэусыгъуэр мы гъэм ЕГЭ-р щатым щIыналъэ кудым хабзэншагъэхэр къызэрыщыкъуарщ. Апхуэдэу щыхъуми, псалъэмакъыщхуэхэр къызэрыкIа къаугъэхэм я щхьэусыгъэмкIэ жэуап зытын хуей хьуар ар зи кьалэн Муравьёвыракъым, атIэ министр Ливановым Дмитрийщ.

Илъэс щэщI фIэкIа мы хьэуа Муравьевым 2012 гъэм и кIэхэм а IэнатIэр дзыхь щыхуащIым зыгъэщIэгъуэхэр машIэтхэкIи. Абы и пIэ иувэнур иджы нэхъ егупсысауэ къыхахыну кьщIэкIынщ.

Зытрауухэнур зэкIэ ямыщIэми

«Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм хэтым щыщхэм кьалъытэ Урысейм и махуэр гъэлъэпIэныр изгъэщIащ махуэм теухуэн зыкIэ.

ИджыпстУ дызытет мэкъуауэгъуэм и 12-р РСФСР-м и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр кьыщащта махуэм трагъэхуауэ аращ. Ар яфIэтэмэмкъым депутат гупым. Языныкъуэхэм ар Урысейр чристианыгъэр кьыщищта махуэм - бадзэуэгъуэм и 28-м, адрейхэм урысей къэралыгъуэр кьыщыгъэгъэнэща фокIадэм и 21-м ягъэлъапIэмэ нэхъ тэмэму кьалытэ.

«Си гугъэмкIэ, махуэшхуэр бадзэуэгъуэм и 28-м бгъэIэпхъуэнри тэмэмкъым, сыту жыпIэмэ, УФ-м и Урысейр ветекэ къэралыгъ, апхуэдэуи мыр дин зэмылIэужьыгъуэхэм ит лъэпкъ куэдым я хэкущ. КьимыдэкIэ, фокIадэм и 21-ми тхыдэ мыкъонэ иIэу щэч кьытумыхьэжу щыткIыми», - жиIащ «Захуагъэ здащIы Урысей» партым хэт Шеин Олег а Iуэхум зэреплъым щытрагъэпсэлъыхьым.



♦622 гъэр Мусльымэн махуэгъэпсым и щIэдэапIэщ. Исльамым и къежьапIэу къальытэ.

♦Бадзэуэгъуэм и 16 - 19-хэм Гаагэ (Нидерландзэр) щокIуэкI Химие IэщIэр къемыгъэсэбэпыным щIэбэн зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ советым и 73-нэ сессиер.

♦ТхакIуэ **КIэрэф Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирокIу.

♦Искусствоведением и доктор, КъБКъУ-м и профессор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщ **Болэт Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхьунущ.

ЗыгъэхьэзырыР ЖЬэКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псы иту псы пхуэлIэркъым.



Сэхъурокъуэ Хьэутий ДАХ-м и ЩIыхь тхылъыр Хьуэжэ Жан ирет.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ТАУ Щыкъан:

Лъэпохьэпохэр куэд мэхъу

●КъБР-м и Жылагъуэ палатэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и зи ІэнатІ зэІуцІэ екІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ хьэрыучэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ ди къэралымрэ республикэмрэ зэрыгъэщыдгъуэ, а ІэнатІэм пыщІа гугъуехьэм. Палатэм и унафэщІ Тау Щыкъан и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, а гугъуехьхэр куэдыкІейщ. Абы и Іуэху еплъыкІэм нобэ щыгъуазэ фыкъудощ.

НАІУЭУ зэрыщытщи, сыт хуэдэ рынок экономикэми увыпІэшхэу щаубыд бизнес мащІэмрэ курытымрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ къыдэІупхьи щхьэкІэ ахьшэшхуэ ухуейкъым, абы пэрыуваехэм мылькур псынщІэу зэрагъакІуэ, сату щыпІэкІэ зэрыхуей хьэпшыпхэмкІэ куэду къыдэрагъэпэщ.

Ди цыхухэм Іэмал етын хуейщ мыльку зэрахьэу, льэ бдыдэкІэ Іэпэ къуэтну и гугъу псэну. Арыншауэ тхуэтэжкІуэдыкукъым нэхъ кІуелэ процентти 10-мрэ нэхъ кІуелэ дыдэ процентти 10-мрэ мылькуКІэ зэрызэщхьщыкІым и инагъыр. Мы зэманым абыхэм я хэхъуэхэр хуэдэ 23-м щІигъкІэ зэщхьэщхкІ. СССР-м и льэхъэнэм ар хуэди 4,4-м фІэкІыртэжьым.

Иджыпсэ Урысыем езым и Іуэхущ Іэпэ къыщыхъуэ зэрыгъэ тегушхуэр лэжьэфыну псоми я процентэ 2-рщ. 1990 гъэхэм я пэщІэдзэм а бжыгъэр процент 80-м нэсырт. НэгъуэщІ зэрыгъэ, гугъуехьхэр нэхъ хьэлъами, а зэманым хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэм пэрыхьэну хуейкэр куэдкІэ нэхъыбэт. Абы кьыхэкІыу псом япэу зэхэтхьэкІын хуейщ апхуэдэу щІэхьуам и цыхьэсыгъуэр, итІанэ Іуэху зехуэпхьэщ зи кьаруилыгъуэ цыхуэр, еблэмэ щэбгъ къэжэгъар тегушхуэн хуэдэу. Кьапщтэмэ, уэзыщІыгфыкІынщ бизнесым щыхуэгъаезэ Іуэхущ Іэпэ-хэр щЫналъэ зыбжанэм кьыззэрыщызэІуахэр.

Къэралым хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ куэд зэфІигъэкІащ, абы хуэгъэзэ теухуа унафэ-хэр кьиштащ.

Арщхьэкіэ урысей бизнес нахуэмрэ щІэуфамрэ, корпупэр щыкуу нэгъуэщІ къэралхэми хуэдэу, зэрыщІэзауэжыр езыхэм ягъэувыжа хабзэхэм тетущ. КьуныкъущІэхэм мылькэр зэрызэхадыгъуэм кьыхэкІыу, хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ езыгъэжьэкІэхэр бизнес щІэуфам хохьэ. ИужьрейМ экономикэр зэІегъэхь, кьуелейсыхэм хегъахьэу, экономикэ щІэуфар егъэбагъуэ, кьулыкъущІэхэр Іулъхьэм нэхьри трегъэгушхуэ. Зэрытлъагъуэр, ар хьилмышхуэ хэлъу ягъэувэ кьэпхьэнщ икІи укъыІэщІэкІыну хуабжьу гугъущ. ЩылтыкІэм зихьэужьнущ хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ я Іуэхур урысей кьулыкъущІэхэм езыгъэ-кІуэ хабзэхьэуцмэкІэ - ахэр кьарур я тегъэщІапІэуцІ я кьалэнхэм зэрыбгъэдыхьэр. Араши, Іуэхур нэхъыщхьэу зэтеЗыбгъэр хьэрычэтыщІэхэм я лэжьэкІэр кьэзыщІэтэр зэрыкуэдырщ. Ауэ абы и закъуэкъым.

Мы гъэм и гъатхэм УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыжаІащ хьэрычэтыщІэу мин 300 бизнесым зэрырихьэкІар. Ар кьэхуащ страховой взносу зы илъэсым ятым хуэдитІкІэ хагъэхьуа иужь. ХьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэм хэхъуэщхэу кьыпэкІуэркъым, ар езыгъ гугъуехь куэдхэм хэтщ. Абы кьуитыну и кьаруДзэхьэныгъэ нэхъри гъэкІэ кьыпыпхьыбгукъым. СтатистикэмкІэ кьэрал комитетым кьыззэригъэльагъэмкІэ, экономикэ щІэуфам и ІэнатІэм зэрытщ урысей мелуан 23-м нэблагъэ. А бжыгъэм 2000 гъэ льандэрэ хуэдэ 1,5-кІэ хэхьуад икІи зэрыщыту экономикэм пыщІам и процент 18,5-м нос. Вице-премьер Голодец Ольгэ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, зи кьару илъыгъуэ цыху мелуан 86-м щыщу налогхэр, взносхэр кьанэ щымыІэу зытыр мелуан 48-рщ. ЩІэуфэ-хэм я мылькур нэхъ жыджэр щыІэзэрагъакІуэр хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэр.

УФ-м и Совбезым Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ округым и кьалащхьэм нэгъабэ и щэкІуэхьуам и щхьэусыгъуэр, итІанэ Іуэху зехуэпхьэщ зи кьаруилыгъуэ цыхуэр, еблэмэ щэбгъ къэжэгъар тегушхуэн хуэдэу. Кьапщтэмэ, уэзыщІыгфыкІынщ бизнесым щыхуэгъаезэ Іуэхущ Іэпэ-хэр щЫналъэ зыбжанэм кьыззэрыщызэІуахэр.

Хьэрычэтыщ Іэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ куэд зэфІигъэкІащ, абы хуэгъэзэ теухуа унафэ-хэр кьиштащ.

Арщхьэкіэ урысей бизнес нахуэмрэ щІэуфамрэ, корпупэр щыкуу нэгъуэщІ къэралхэми хуэдэу, зэрыщІэзауэжыр езыхэм ягъэувыжа хабзэхэм тетущ. КьуныкъущІэхэм мылькэр зэрызэхадыгъуэм кьыхэкІыу, хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ езыгъэжьэкІэхэр бизнес щІэуфам хохьэ. ИужьрейМ экономикэр зэІегъэхь, кьуелейсыхэм хегъахьэу, экономикэ щІэуфар егъэбагъуэ, кьулыкъущІэхэр Іулъхьэм нэхьри трегъэгушхуэ. Зэрытлъагъуэр, ар хьилмышхуэ хэлъу ягъэувэ кьэпхьэнщ икІи укъыІэщІэкІыну хуабжьу гугъущ. ЩылтыкІэм зихьэужьнущ хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ я Іуэхур урысей кьулыкъущІэхэм езыгъэ-кІуэ хабзэхьэуцмэкІэ - ахэр кьарур я тегъэщІапІэуцІ я кьалэнхэм зэрыбгъэдыхьэр. Араши, Іуэхур нэхъыщхьэу зэтеЗыбгъэр хьэрычэтыщІэхэм я лэжьэкІэр кьэзыщІэтэр зэрыкуэдырщ. Ауэ абы и закъуэкъым.

Мы гъэм и гъатхэм УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыжаІащ хьэрычэтыщІэу мин 300 бизнесым зэрырихьэкІар. Ар кьэхуащ страховой взносу зы илъэсым ятым хуэдитІкІэ хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм медалхэр ирату щІадзэну игъуэ хьуауэ.

НэгъуэщІ зы гугъуехьщ бзджэнд зэхущытыкІэхэр. Налог зыкъ метр зэбгъуэнатІэр бзджэнду къэпщтэн папщІэ сом мини 2 щІэпТ ыкІ хуейщ. Республикэм и адрей щыпІэхэми ар щыщ. Сыт хуэдэ бизнес мащІэ ар зи кьару дэхуэнкъ?

Псэуалъэхэр бзджэнду зэрат пІалъэхэр-щэ? Я нэхьыбэм зы илъэс пІалъэкІэ зэгуроІуэ. АрщхьэкІэ, и Іуэхур зыхуэзыІуэнур зымыщІэ зы хьэрычэтыщІэ лэжьакІуи апхуэдэ пІалъэ кІэщІкІэ абы тегушхуэфыкІынкъым. БзджэндымкІэ зэгурыІуэныгъэр зэрырагъэтхьым папщІэ къэрал пошлинэу Іах сом 1500-рэ. А бжыгъэхэр кьыздикІар гурыІуэгъуэжьым. Налог кодексым къэрал пошлинэр сом 100 - 150-м щыщыгъэ куэдрэ кьыщыхьэрыкъым. Ари мы Іэнатіэр зыльэхьэ льэпощхьэпохэм ящыщ зыщ.

ХьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэм и ІэнатІэм мылькухэр зэрыщызэхадыгъуэм темыгсэльыхьыр щхьэхьэнэхэм я закъуэщ. Псоми рогоп ящІэ хуэдэщ, арщхьэкІэ судыр зы Іуэхуи хэпльакъым, зы кьулыкъущІэ тезыр тральхьакъым, уеблэмэ трагъэкІакъым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, езы бизнесым хэт цыхуми куэд елытат. Мыхьэнэшхуэ иІэщ судыр, прокуратурэр, жылагъуэр кьыззэрыщхьэщыжьыкІынур дэтхэнэ хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэми ищІэным. Жыгтэнщи, прокуратурэм кьыщыщэрагъэпэщащ бизнес мащІэмрэ курытымрэ кьащхьщыжьыкІынмкІэ жылагъуэ совет. Абы и лэжьыгъэр щІигъэхуэбжьэн хуейщ. Іуэхум жыджэру хьихьэн хуейщ СМИ-хэри. А псом хьэрычэтыщІэхэр ягъэзэгъуэнутэ. Арщхьэкіэ, зэкІэ иужьрейхэм Іулъхьэ ятмэ нэхъ кьащтэ езыхэр зэрызахуэр ягъэбелджылыным зэман кІыхь трагъэжьуадэ нэхъри.

Сэ кьэзгъэльэпэгъуэнутэ унафэщІхэм гу зыльэатапхьэ унэтІыныгъэ зыбжанэ.

Япэрауэ. ХьэрычэтыщІэ лэжьыгъэм цыхуэхэр драгъэхъэхьын папщІэ Іэмальфхэр кьыззэрагъэпэщын хуейщ. Абы кьоКІ кьулыкъущІэхэм льэпощхьэпо кьамыгъэщынымр, налогхэр ягъэмэщІэнымр, кредитхэр зэнэхтынщу кьэІаныр. Сыхьэт 72-м кьриубыдэу я Іуэхущ Іэпэхэр ягъэтхьэнымр. Сыхьэт 72-м кьриубыдэу я Іуэхущ Іэпэхэр ирагъэтхьэу, хьэлэлу, налог яту икІи залымыгъэм щымыщынэу лэжьыгъэм щадзэфІ хуейщ.

ЕтІуанэрауэ. УнафэщІэмрэ жылагъуэмрэ тэмэму зэдзэкІэжьыр зэтеублэн хуейщ, ахэр бизнес мащІэмрэ курытымрэ хэтхэм зэгъуэгу щІэтъыкъуэн яхуэхъун хуэдэу.

Ещанэрауэ. Бизнес мащІэмрэ курытымрэ хэтхэм я екъулІэныгъэхэр кьэгъэльэгъуэн хуейщ. А цыхуэхэм яхуофашэщ пщІэ ящыщыну.

ЕплІанэрауэ. Муниципалнэ кьыззэгъэпэщыныгъэм ди щІыналъэм бизнес мащІэмрэ курытымрэ зэщІагъэхуэныкІэ Іэмал тэмэмхэр щы-зэтрауэхун хуейщ. Мы Іуэхур зэрыгъэувам елытауэщ муниципалнэ кьызэгъэпэщыныгъэм и лэжьыгъэр зыхуэдэр щІэзыреальныгъэ.

Етхуанэрауэ. НыбжьыщІэхэр хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэм зэрыбгъэдыхьэ щыкІэм зегъэхъэуныкІ хуейщ. Абы папщІэ хуабжьу ежьэгъырт ахэр бизнес-инкубаторэм, курс зэмылІэужьыкІыгъуэм щрагъэджэнырэ.

Си гугъэщ хьэрычэтыщІэхэм я хуитныныгъэхэм кьащхьэщыкныкмкІэ Уполномочениям и кьулыкъущ ям и мэкъуауэгъэм зарагъэувар нобэ кьэтІэта Іуэхум сэбэп хуэхъуну.

Зытхыжар **МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэдин.**

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

Напшык щекІуэкІа республикэ зэпеуитІым къарикІуэхэр бадзэуэгъуэм и 6-м кьызэщІакъуэжащ. Лъэпкъ зэныбжьэгъуэр гъэбыданым, жылагъуэм щыІэныгъэ лъэпкъыным тегъэпсыхьауэ щыта зэпеуэм КъБКъУ-м и студенкэр хэтащ. Мыдрейр кьэзакъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ирагъэкІуэкІа лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ трауха зэпеуэратИ, абы хэтащ кьэзакъ щІалэгъуалэр.

●Зэпеуэхэр

КъБР-м Цыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и нэІэ щІэту кьызэрагъэпэща а зэпеуэхэр хьихьэт «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, щыІэныгъэ, зэхэщІыкІ иІэным ехьэлІауэ» 2011 - 2015 гъэхэм республикэм щагъэзащІэ лэжьыгъэм.

КъБР-м и лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я хабзэхэр зэрыхьэлэмэтым зыщагъэрэгъуэзэну, пщІэхэ щхьэхуэхэм кьахэкІа щІалэгъуалэм я зэхуаку далъ зэныбжьэгъугъэр, пщІэр гъэбгъуэныр, экстремизм щІэпхъаджагъэм ныбжьыщІэхэр пэІэщІэ щІын кьаленхэр щыпэхьыщхьэт зэпеуэм. КьэпщытакІуэхэм я пащхьэ кьрахьа лэжьыгъэхэм зэплъэри, ягъэувыпІэр - **УкІэшхуэрэ Азамат** (КъБКъУ), итІуанэр - **Балтыкъуэ Азэмэт** (КъБКъУ), ещанэр **Залиханов Магомед** (ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт) хуэгъэфэщащ.

Къэзакъхэм я хабзэмрэ тхыдэмрэ, ахэр иджырей зэманым кьызэрезгъыр я лэжьыгъэм нэхьыфІу кьыщыгъэлъэгъуауэ кьалъытэри, Тэрч - Балъкъ къэзакъ зэгухьэныгъэм ягъэ увыпІэр ираташ, кьыкІэлъыкІуэр - Октябрьскэ къуажэм и къэзакъ гупым, ещанэр Прохладнэ кьалэ и къэзакъхэм хуагъэфэщащ.

Іуэху дахэм хэта псоми министр **Кьумахуэ Мухьэдин** (суэтым) фІыщІэ хэха яхуищІри, саугъэтхэри яритыжащ. Абы жиІащ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэбэлдэ лэжьыгъэхэр дяпкІэ ди республикэм щагъэкІуэкІыну, Іуэхум кьыпащэу зэрамурадыр.

ПЩЫГЪУЭШ Іэсият.

● Шэджэм щІынальтэ

Іэщ дыгъуныр напэтехкъэ?

Іэщыщхуэ Іыгъныр республикэм щыпсэухэм яшцы куэдым дежкІэ хэхъуэм и хэкІыпІэщ. Аращ абы хуэгъэзауэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэр сэтей къэзщІыным сыт щыгъуэн КъБР-мкІэ МВД-м и нэІэ щыІетыр.

КЪЭРАІ кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэм щекІуэкІа брифингым зэрыщыжаІамкІэ, мы гъэр кьыззрихьэрэ Іэщыщхуэу 200-м щигъу зейхэм Іэрагъэхьэжащ, абы и пъныкъуэкІэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэр хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Іэщхэр ягъэІапхъуэнырэ. Сыхьэт 72-м кьриубыдэу я Іуэхущ Іэпэхэр ягъэтхьэнырэ. Сыхьэт 72-м кьриубыдэу я Іуэхущ Іэпэхэр кІэльэпльэнырэ, ар ягъэгъэкІ щыпІэхэр кІэльэпльэнырэ. Іэщхэр ягъэІапхъуэнырэ. Ар ягъэгъэкІ щыпІ

● Абы дегъэпIейтей

Бзэ Хасэ зэхашэ

Налшык дэт БизнесымкIэ институтым и пэш хуитышхуэм зэман гуэр и пэкIэ щызэхэтащ зэIущIэ щхьэпэ. Ар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ Табыщ Мурат зи пашэ гупым къызэрагъэпэща Бзэ Хасэм и япэ зэхыхьэрт. ЗэIущIэм кърагъэблэгъат къэрал Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, министерствэхэм я лэжьакIуэхэр, адыгэбзэр сабий садхэм, школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щезыгъэджхэр. Бзэ Хасэм и зэхэублэ зэIущIэм къыщыпсэлъахэм утыку кърахьа Iуэхугъуэхэр теухуат ди зэманым адыгэбзэмрэ ар зэрырагъэджымрэ дэхуэха зэрыхъуам, анэдэлъхубзэр хъума хъун папщIэ лэжьыпхъэхэм, а Iуэхугъуэхэм теухуауэ Бзэ Хасэм и пщэ дилъхьэж къалэнхэм, нэгъуэщIхэми. Хасащхьэм хэт гупым щхьэхуэу сахуэзэжри сепсэлъэфащ адыгэбзэм ехьэлIауэ я гуныкъуэгъуэхэмрэ Iуэхум и щытыкIэм зегъэхъуэжынымкIэ я мурадхэмрэ теухуауэ.

<u>Табыщ Мурат - *Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэрылажьэ, Бзэ Хасэм и унафэщI:*</u>

- АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм я Iуэху зытетыр зэдгъэащIэу ар цIыхухэм, къэралым ялъэдгъэIэсын мурадкIэ, цIыху гуп яужь дихьащ мы Хасэр зэхэтшэну. Хасэм ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр фIэтщащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазийщ япэ дыдэу адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ зыгъэхьэзырар, япэ дыдэу еджапIэ къызэIуахыу абыкIэ лэжьыгъэ зэтезублар. Абы нэгъуэщI IуэхуфIхэри илэжьащ, ауэ зэкIэ а псом кIыхьу дытепсэлъыхьынкъым.

ЕгъэджакIуэхэр зэхуэтшэсащ абыхэм я гукъеуэхэм дедаIуэу, адыгэбзэр зэрырагъэджыр зэрытхуегъэфIэкIуэну щIыкIэр, Iэмалхэр дубзыхун папщIэ. Мыбы бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыхуэдмыгупсысу щытмэ, ди бзэм епхауэ Iуэху къиин куэд зэтрихьэнущ, иужькIэ пхуэзэтемыхыжынкIэ шынагъуэу.

Адыгэбзэр къэралыбзэу щыщыткIэ, абы хуэфащэн сыхьэт бжыгъэ еджапIэм щаIын хуейщ. Дэ къыдгуроIуэ «федеральный компонент» жыхуэтIэм къызэщIиубыдэ дерсхэм ухэIэбэ мыхъуу зы бжыгъэ гуэрым тету къызэрыкIуэр. Апхуэдэу щыт пэтми, сыхьэт 36-м уфIэмыкIыу еджакIуэм иджын хуейуэ хуигъэбелджылым сыт хуэдэ IэмалкIэ дыбгъэдыхьэми, адыгэбзэм гулъытэ иIэу абы хэгъэувэн хуейщ. «СыхьэтиплIыр тхуэгъэнщIарэт», - жызыIаи щыIэщ. А сыхьэтиплIыр адыгэбзэм тебухуауэ улажьэмэ, уегъэджакIуэр пэжмэ, пхуэгъэнщIын щызогъэтри, «иджыри мыр дауэ яжесIа хъуну» жыпIэу зэманыр зэбгъэзэзахуэу щытыпхъэщ. Си щхьэкIэ къызолъытэ махуэ къэс зы сыхьэт адыгэбзэу егъэджын хуейуэ. Адыгэбзэм и сыхьэт бжыгъэр хэбгъахъуэ къудейкIэ хъуркъым. Адрей дерсхэм хуащI гулъытэм хуэдэ игъуэтын папщIэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм адыгэбзэри хамыгъэхьэныр Iэмалыншэщ. Абы къыдэкIуэуи лэжьыпхъэ куэд иджыри щыIэщ. Ди бзэм ехьэлIауэ дызыщIэхъуэпс щытыкIэм дыхуэкIуэн папщIэ, адыгэбзэр зэрадж тхылъхэр, дэIэпыкъуэгъу пособиехэр, къэхутэныгъэ-лэжьыгъэхэр, псалъалъэхэр, тхыдэм ехьэлIа хъыбархэр зэрыт тхылъхэр егъэджакIуэхэм яхуэгъэхьэзырын хуейщ.

Мы Iуэхур къетхьэжьэн и пэ къихуэу, псалъэмакъ куэд къызэрекIуэкIыр зэхэтхат. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар адэ-анэм я деж куэд къыщынэу, абыхэм я арэзыныгъэ - мыарэзыныгъэ Iуэхум елъытакIэ сабийм адыгэбзэ ирагъэджу зэрыщытырщ. «Сэ си сабийм адыгэбзэр езгъэджу и оценкэхэр езгъэуцIэпIынукъым», - жиIэу а Iуэхум пэщIэувэхэр щыIэщ. Ауэ щыхъукIи, мэлищэ щIакъуэншэ хъуркъым жыхуаIэращ. Зэман гуэр щIауэ адыгэбзэр Iэмалыншэу яджу щытщ. «Сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэкIэ дыбгъэдыхьэн бзэм и егъэджэныгъэм?» - жысIэурэ куэдым сепсэлъащ. Ярэби, ди сабийхэм «бзэ къутэ - бзэ щIыж» жыпIэнум хуэдэу, ди адыгэ IуэрыIуатэр пэщIэдзэ еджапIэхэм къыщыщIэдзауэ ябгъэдэтлъхьэтэмэ, я акъылми нэхъ зиужьынтэкъэ, я жьабзэми нэхъри зиукъуэдиинтэкъэ, гупсысэу зыхуейр къаIуатэу тхуегъэсэнтэкъэ. Дэ ди гупым хэтщ ШэджыхьэщIэ Марие и структурнэ методикэм ипкъ иткIэ, тхылъ зыхэзыгъэува ХьэцIыкIу Рае. Мис а лэжьыгъэр, а бгъэдыхьэкIэхэр къигъэсэбэпурэ Рае щапхъэхэр щызэIуищэм щыгъуэ, нэхъыбэу тегъэщIапIэ ищIар адыгэ IуэрыIуатэращ. Арацщи, дызэрегупсысымкIэ, ди IуэрыIуатэр егъэджэныгъэ программэхэм нэхъыбэу хэгъэхьэн хуейщ. Адыгэбзэр сабийм къемыхьэлъэкIыу нэхъ IэфI ящызыщIыну хэкIыпIэхэм ящыщ зыщ IуэрыIуатэр.

Школым зэрыщрагъаджэ тхылъхэр хъуакъым, жытIэу дыныкъуэкъуэну аракъым, ауэ нэгъуэщI егъэджэкIэ Iэмали зэрыщыIэр едгъэщIэну, а Iэмалыр дгъэнэIуэну дыхуейщ. Адрей предметхэмкIэ щэ ныкъуэ бжыгъэкIэ зэмыщхьхэу программэхэр, тхылъхэр щыIэщ. Школ щхьэхуэхэм, уеблэмэ езы егъэджакIуэхэм а программэхэм хэдэу нэхъ яфIэкъабылыр къыхахыну щыхуиткIэ, адыгэбзэмкIэ езыгъаджэм щхьэ а Iэмалыр иIэн хуэмейрэ?

Дэ къыдгуроIуэ зы Бзэ ХасэкIэ зэрыпхуэмыгъэкIуэтэнур мы къетхьэжьа Iуэхур. Ар акъыл зэхэдзэкIэрэ дызэгурыIуэу, зылI и бын хуэдэу дызэлэжьыпхъэщ, ди адэжьанэжьхэм я бзэр зетхьэну дыхуеймэ.

<u>Аброкъуэ Бэллэ - *усакIуэ, радиожурналист:*</u>

- Мы Iуэхур къетхьэжьэн и пэ хасащхьэм хэт цIыхуийр тхьэмахуэм тIэуней дызэхуэсурэ ди къалэнхэм дытепсэлъыхьащ. Нэхъыбэу дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ егъэджакIуэр утыку къиша, и пщIэр къэIэта зэрыхъунур. Бзэр хъумэным, абы зедгъэужьыным теухуауэ къэралым сыткIэ зыкъытщIигъэкъуэфыну, къэрал Iуэхущ IапIэ Iутхэм сыт къытхуащIэфыну? Бзэ Хасэ дыхъурэ утыку дыкъихьэмэ, егъэджакIуэ, гъэсакIуэхэм сыт яхуэтщIэфыну? Мис а упщIэхэмкIэ куэдым захуэдгъэзащ, зыкъызэрытщIагъэкъуэфынури нобэкIэ къыджаIащ, дагъэубзыхуащ. Къару зэдгъэуIуну яужь дызэрихьар къыддэзыIыгъахэм жаIэ: «Дэ сыт хуэдэу яужь димытами, дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр ди щхьэ закъуэкIэ тхудэгъэзэкIакъым». Псалъэм папщIэ, университетым и лэжьакIуэхэм я гуныкъуэгъуэр зыщ, бзэ щIэныгъэлIхэм я гуныкъуэгъуэр щхьэхуэщ, педколледжри аращ. КъызэрыщIэкIамкIэ, дызыгъэпIейтейуэ щыIэр куэдыщэ мэхъу. Зэманыр кIуэтэхукIэ, бзэм и Iуэхур нэхъри дэдзыха мэхъу, дэри дызыхуэзышэсар аращ. Къэрал Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэми захуэдгъазэри, дэ ди пщэ дэтлъхьэжащ зыми дыщымыгугъыу тхузэфIэкIыну Iуэхухэр. Абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэ гуэрхэр дубзыхуауэ щыIэщ.

Бзэр зэбгъэщIэну сабийм абы и макъхэм и бзэр хуэкъутауэ щытын хуейщ. Урысыбзэри, нэгъуэщIыбзэхэри езыгъэджхэм яIэщ логопед IэщIагъэлIхэр. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ бзэр къэзыщIэу щIэзыдза сабийм удэIэпыкъунымкIэ. Сыту жыпIэмэ, сабийр и бзэм зэрыримыпсэлъэфым къыхэкIкIэ укIытэу щIедзэ. А укIытэр гужьгъэжьым хуокIуэж. ГъэсакIуэм, адэ-анэм Iэпэдэгъэлэл ящIрэ бзэр и чэзум кърамыгъэщтамэ, иужькIэ сабийм гузэрыдзэ ещIри, гуемыIу щыхъуу ар хьэл-щэнми хэпща мэхъу. Ар гуныкъуэгъуэшхуэщи, абыи елэжьын хуейщ. Къалэдэс сабийхэм адыгэбзэр хамэ къэралыбзэм хуэдэу ирагъэджын хуейуэ къызолъытэ. Сыту жыпIэмэ, адэ-анэр къалэм къыщыхъуарэ адыгэбзэр яIурымылъу щытмэ, сабийм ар къыхуэщтэркъым. Языныкъуэ егъэджакIуэхэр апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм къегъэуIэбжь, ауэ нобэ адэ-анэу щэ бжыгъэ къэувынущ абыкIэ арэзы хъууэ. Апхуэдэхэр зэребгъэджэн программэщIэ, тхылъ яхузэхэлъхьэн хуейщ. Абы къинэмыщIауэ, къуажэдэс, къалэдэс сабийхэм пэщIэдзэ классхэм грамматикэр зэрыщрагъэджыр зэхуэдэныр сфIэтэмэмкъым.

НобэкIэ дэ тщIэфынум елъытауэ, мы Бзэ Хасэм и сайт къызыдогъэпэщ. Абы къалэн куэд и пщэ делъхьэж, ауэ псом я пажэу къысщохъу адыгэбзэ зэрырагъэдж тхылъхэр компьютерым илъу, дэтхэнэ егъэджакIуэми сабийми дяпэкIэ къызэрыIэрыхьэнур. Тхыдэм ехьэлIауэ хъугъуэфIыгъуэу диIэхэри абы хуэныкъуэхэм компьютерым къыщагъуэтынущ Бзэ Хасэм и фIыгъэкIэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ икIи фIыщIэ хуэсщIынут компьютерым ехьэлIа лэжьыгъэхэмкIэ икъукIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуа, иджыри куэдкIэ дызыщыгугъ Хьэмдэхъу Анзор.

Иужьрей зэманым икъукIэ заужьащ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэмрэ Хэкужьым исхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм. Хэхэс адыгэхэм я пщIыхьи къыхэхуэркъым бзэм теухуауэ гуныкъуэгъуэ диIэу. Ахэр тхылъкIи егъэджакIуэкIи зыщыгугъыр дэраща, ди мурадщ дадэIэпыкъуну, тщIэнури убзыхуауэ диIэщ.

Бзэр зэрырагъэджым теухуауэ Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэри щыIэщ. Пэжщ, сабийм адыгэбзэм гущыкI хуищIынуми, дихьэхыу иджынуми мыхьэнэшхуэ иIэщ егъэджакIуэм и Iэзагъым. КъапщтэмэI, иужьрей зэманым языныкъуэ егъэджакIуэхэм я гур иудауэ мэлажьэ, адыгэбзэм и Iуэхур дэхуэха зэрыхъуам къыхэкIыу. НэгъуэщI гупи щыIэщ егъэджэныгъэм Iэпэдэгъэлэлу, къыфIэмыIуэхуу хущыту, я лэжьыгъэми фIы дыдэу хамыщIыкIыу. ЕгъэджакIуэфIхэри щыIэщ. Мис ахэр утыку къишэн хуейщ. Абыхэм ятеухуауэ дэ зыгуэрхэр ди мурадщ, икIи дыщогугъ ахэр къыдэхъулIэну.

<u>Къып Гупсэ - *хьэрычэтыщIэ:*</u>



- Сэ хэкум сыкъызэрыкIуэжрэ илъэс 18 хъуащ. СыкъыщыкIуэжагъащIэм цIыхухэм я анэдэлъхубзэр къагъэсэбэпу зэрыщытамрэ иджыререймрэ зэплъытмэ, а щытыкIэм куэду зихъуэжащ. ЦIыхухэм я анэдэлъхубзэр нэхъ мащIэу къагъэсэбэп хъуащ. Къуажэдэсхэм ятеухуауэ зыри схужыIэнукъым, ауэ къалэдэсхэм ядэтлъагъуращи, я анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъыбэу урысыбзэр къагъэсэбэп. Ари къыдгуроIуэ - къэрал IуэхущIапIэхэм нэхъыщхьэу щызекIуэр урысыбзэращ. Ауэ адыгэхэр езыхэр зэрызэпсалъэ бзэр и нэхъыбэм урысыбзэращ. Сабийхэм бзэр зэраIурылъ щIыкIэм дыщытепсэлъыхькIэ, япэ идгъэщын хуейр адэ-анэращ. Нэхъыжьхэм я анэдэлъхубзэм пщIэ хуащIу, езыхэр щIэблэмкIэ щапхъэу щытын хуейщ, ди бзэр тIэщIэмыкIын папщIэ. Сэ, къапщтэмэ, хэкум къыщызгъэзэжым си гущхьэ къэкIыртэкъым мыпхуэдэ Iуэху къэтIэту дытепсэлъыхьыну. Мыбы бзэм теухуауэ гуныкъуэгъуэ щымыIэу къэслъытэрт. Хэкум щыIэ щытыкIэм нэхърэ нэхъ узыгъэпIейтейщ хэхэсхэм я деж къыщекIуэкIыр. Тыркум щыбгъуэтынукъым сабийр и анэдэлъхубзэкIэ псэлъэфу. ЩIалэгъуалэм псэлъэфу яхэтыр мащIэщ, бзэр къызыгурыIуэр нэхъыбэ хъуми.

Тыркум щыпсэу адыгэхэр япэхэм дыхуиттэкъым ди бзэкIэ дыпсэлъэну, дытхэну, тхылъ къыдэдгъэкIыну. НобэкIэ апхуэдэ хуитыныгъэ диIэ хъуащ, къэралым къыдигъэкIа хабзэм ипкъ иткIэ. 5-нэ классым щыщIэдзауэ школ къэс адыгэбзэ зыджыну гупхэр щызэбгъэуIу хъунущ. Абы теухуауэ дэIэпыкъуэгъу хуейщи, хэкумкIэ къоплъэ хэхэс адыгэхэр. Псалъэм папщIэ, егъэджакIуэ яхурикъуркъым, зэрырагъэджэни яIэкъым. Абы теухуауэ Бзэ Хасэм куэдкIэ дыщогугъ.

<u>ЛIызэм Лидэ - *«Амра» фондым и унафэщI.*</u>



- Лъэпкъым бзэр зэрихьэн, къигъэсэбэпын хуейуэ къимылъытэмэ, зыри пхуещIэнукъым. Сыт бущэхукIи: я бзэмкIэ псэлъэну яфIэемыкIуу, я сабийхэми ирагъэщIэну хуэмейуэ куэд щыIэщ. Iуэхур апхуэдэу щыхъуакIэ, къалэн нэхъыщхьэу щыIэн хуейр пропагандэ жыхуаIэращ. Иджыпсту щыIэ Iэмалхэр - ар Интернет, газет е радио ирехъу, - а псори хуэгъэлэжьэн хуейщ бзэм и пщIэр къэIэтыжыным.

Нэхъыжьхэм ди щIалэгъуалэм щапхъэ едмыгъэлъагъумэ, жытIэм зыри къикIынукъым. Осетие Ищхъэрэм и телевиденэм рекламэ егъэлъагъуэ бзэр зрагъэщIэну къыхуриджэу. Дэри апхуэдэ дыхуэныкъуэу къыщIэкIынущ. Къэралми, а къыхуеджэныгъэм нэмыщI, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм зы сом гуэр тригъэкIуэдэфу щытын хуейщ.

ЗэрытщIэщи, ди лъэпкъым и тхыдэр жыжьэ къыщожьэ. Иджы ди деж къэса бзэр, хабзэр дгъэкIуэдыжу щытмэ, дэ псори дыхуэмыхуу аращ. Ди щхьэм хуэдгъэфащэ хъунукъым ар.

<u>ХьэцIыкIу Рае - *филологие щIэныгъэхэм я кандидат, егъэджакIуэ, Бзэхэр джынымкIэ щIэныгъэхэр щаубзыху институтым и унафэщI:*</u>

- КъэкIуэнур щыдиIэну ди бзэм зедгъэужьмэщ. Хъума щыхъунур къытщIэхъуэ щIэблэм яIурылъмэщ. Зыщиужьынур дгъэлажьэмэщ. Адыгэбзэр адыгэ лъэпкъым и бзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэу, лъэпкъыр зэрызыгъэIыгъ, зы зыщI Iэмалу зэрыщытыр сабийм пкърызыгъэхьэфынур егъэджакIуэрщ. АдыгэбзэкIэщ сабийр адыгэ дунейм хэша зэрыхъунур, и адыгэ гупсысэкIэр зэрызэтеувэнур, и къэухьым, гъэсэныгъэм зэрызиужьынур. Апхуэдэу щыщыткIэ, упщIэ къоув: «Сыт ди Iэмал а къалэнхэм дыпэлъэщынымкIэ?» А упщIэм и жэуап тэмэм къэгъуэтыныр лъэпкъ Iуэхущ, ди къэкIуэным и щытыкIэнур куэдкIэ зэлъытащ. ИкIи абы и жэуапыр егъэджэкIэр тэмэму къыхэхынырщ.

Дэтхэнэ бзэми и джыным ехьулIэныгъэ ущиIэнур езы бзэм хэлъыж хабзэмрэ иIэ щытыкIэмрэ елъытауэ егъэджэкIэр убзыхуамэщ. Бзэм щызекIуэ хабзэхэм, зэхущытыкIэ гъэщIэгъуэнхэм гу лъызыта сабийм ар псэкIэ зыхещIэ, абы къыхэкIыуи фIыуэ елъагъу, пэгъунэгъу дыдэ мэхъу. Анэдэлъхубзэр зыдэпсэухэм зэрагурыIуэ бзэуэ зэрыщытым и мызакъуэу, а бзэм и тхыдэ, и хабзэ, адрей бзэ псоми ещхь щытыкIэ гуэрхэри, къащхьэщызыгъэкI гъэщIэгъуэнагъ куэди хэлъу къэзыхута сабийр и бзэм иригушхуэнущ, нэхъ кууэ иджыным тригъэгушхуэнущ.

Сабийхэм адыгэбзэр егъэджэным пыщIа Iуэхухэм я къызэгъэпэщыкIэр щIэщыгъуэ щIыным, ахэр дэзыхьэхын егъэджэкIэщIэхэр къэхутэным щелэжь, бзэхэр зэраджыпхъэр щаубзыху институт щыIэщ. Ар хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым БизнесымкIэ и институтым. Институтыр илъэсищ и пэкIэ Хъурей Феликс къызэIуихри, дэ абы Iэмал къыдитащ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр дубзыхуну, къэпщытэныгъэ едгъэкIуэкIыну, егъэджэныгъэ лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэн тхылъхэр къыдигъэкIащ. Дунейр йофIакIуэ, псынщIэ дыдэу зеужь. Бзэ щIэныгъэри зы пIэмрэ зы жыпхъэмрэ иткъым. Абы иIэ ехъулIэныгъэхэр, психологием къихутахэр, нобэрей сабийм и гуащIэр здынэсыр, лъэпкъыр къыщIэхъуэ щIэблэм зэрыщыгугъыр - а псори къэлъытауэ егъэджэкIэм худиIэ бгъэдыхьэкIэми зихъуэжыпхъэщ.

ЖысIэну сыхуейщ лъэпкъ цIыкIухэм я анэдэлъхубзэхэм я щытыкIэм игъэгузавэр дызэримызакъуэр. Осетие Ищхъэрэм къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIащ. Владикавказ дэт педагогикэ институтым и лэжьакIуэхэм пособиехэр ягъэхьэзыращ я анэдэлъхубзэри, урысыбзэри, инджылызыбзэри зэгъусэу лъабжьэ хуащIауэ. Ар бзэ зыбжанэкIэ сабийм щIэныгъэ зэрыратым и мызакъуэу, осетиныбзэм и пщIэр къэзыIэт Iуэху бгъэдыхьэкIэщ. ЕджакIуэхэм я нэгу щIокI лъэпкъышхуэхэм я бзэм иIэ зэфIэкIым осетиныбзэри къызэрыкIэрымыхур. Пушкин Александр, Шекспир сымэ я IэдакъэщIэкIхэм дэщIыгъуу Хетагуров Коста и усэхэми къоджэ, зэпкърах. Абы псалъэ лей хэмыту сабийхэм хьэкъ ящещI Пушкинымрэ Шекспиррэ я лъэпкъым хуащIам хуэдэ Хетагуровми зэрылъэкIар. Езы институтым хэтыжу классхэр къызэрагъэпэщауэ щрагъаджэ, кIэльоплъ, я лэжьыгъэм нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэр щыгъуазэ ящI.

Къэбэрдейми апхуэдэ лэжьыгъэ щызыщIа щыIэщ. Ар Урыху дэт еджапIэм и егъэджакIуэхэрщ. АдыгэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ езыгъаджэхэр зэгухьэри ягъэхьэзыращ зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэм дерс нэужьым зэрадэлэжьэн тхылъ. Абы ит тхыгъэхэр зытеухуар ди щыпIэм и дахагъымрэ ди хабзэхэмрэщ. Сабийр дэзыхьэхын, яджыр ящызыгъэпсынщIэн куэд итщ абы. Хъунут Iэмал яIарэ нэхъри кууэ егъэлэжьыжамэ, ди республикэм и еджапIэхэм къыщагъэсэбэпыну къыдэгъэкIамэ.

Абы теухуауэ дэ ди институтым лэжьыгъэ иригъэкIуэкIащ, дяпэкIи иригъэкIуэкIыну и мурадщи, сэ си лэжьыгъэр щIэщыгъуэ сщIыну сыхуейщ жызыIэр фыкъакIуэ. АдыгэбзэмкIэ езыгъаджэхэр гуп зэрыгъэхъумэ, курс тхуегъэкIуэкIынущ, дызэлэжь щIэныпхъэм фыщыдгъэгъуэзэнущ, дерсхэм я ухуэкIэхэм фыкIэлъыдгъэплъынущ.

<u>Багъ Мэрьям - *Налшык дэт гимназие №14-м и егъэджакIуэ:*</u>

- Илъэс куэд хъуауэ адыгэбзэмкIэ сыегъэджакIуэщи, жысIэфынущ иджырей щIэблэр япэ итахэм куэдкIэ къазэрыщхьэщыкIыр, абы и зэхэщIыкIыр япэрейм хуэдэжкъым. Ди цIыкIухэр езыхэр акъыл жанхэщ, Iущхэщ, куэдым хащIыкI. Ауэ щыхъукIэ, егъэджэныгъэр нэхъ гъэщIэгъуэну, удэзыхьэхыу гъэпсыныр, псом хуэмыдэу адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэм дежкIэ, Iуэхушхуэщ. ЕгъэджакIуэм сыт хуэдиз фIагъ бгъэдэлъми, абы и закъуэкIэ зэфIэха хъунукъым бзэм и Iуэхур. Адэ-анэхэми езы еджакIуэхэми япэ ирагъэщыр IэщIагъэ къыхахынум епха дерсхэрщ, экзамен зэратынухэращи адыгэбзэм апхуэдэу зрагъэлIалIэркъым. Сэ тэмэму къызолъытэ, адрей дерсхэми хуэдэу, адыгэбзэри ЕГЭ-м хагъэхьэныр. Апхуэдэу дымыщIмэ, къалэм щеджэхэр къанэ щымыIэу кIуэнущ бзэр зыджыну къыщIэзыдзэ классхэм.

Сыарэзыщ Мурат жиIамкIэ: адыгэбзэ дерсхэми классщIыб лэжьыгъэхэми IэмалыщIэхэр къыщыгъэсэбэпыпхъэщ, ар Интернет, къэхутэныгъэ лэжьыгъэ, IуэрыIуатэр и лъабжьэу дерсхэр зэхэлъхьэн, нэгъуэщI ирехъуи. Нэхъапэм зэредгъаджэу щыта Iэмалхэр къекIужыркъым иджырей мардэщIэхэм.

АдыгэбзэмкIэ зэредгъаджэ программэхэри нобэрей дунейм тещIыхьауэ гъэщIэгъуэну зэхэлъыпхъэщ. Дызэрылажьэр мащIэу зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр зрата программэщ. Тхылъхэри щIэрыпсу къыдагъэкI, авторхэри ардыдэхэрщ, иджыри къыздэсым дызэреджэхэрщ. Зэхэзылъхьахэр щымыIэжхэми, хэлэжьыхьыжхэр диIэщ. Урысыбзэр езыгъэджхэм зэрагъапщэу къыхахыну учебникыу яIэр бжыгъэншэщ. Тхыдэр къащти, блыщIым нос. АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм методикэ лэжьыгъэхэр нобэрей дунейм къезэгъыу ямыIэми, куэд яхэтщ творческэу лажьэхэу, езыхэм я дерсхэр Iэмал удэзыхьэххэр къагъэсэбэпурэ гъэщIэгъуэну зэхэзылъхьэж. Апхуэдэ егъэджакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри зэхуэхьэсауэ тэрэзт тхылъу къыдэгъэкIамэ. ЩыIэн хуейкъэ адыгэбзэкIэ езыгъаджэхэри зыхэдэн тхылъхэр.

ЕджакIуэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным дэщIыгъуу, ахэр адыгэ хабзэхэми щIэпIыкIын хуейщ. Адыгэ хабзэр япэ классым къыщыщIэдзауэ 11-м нэсыху учебникыу зэхэлъхьауэ диIэныр ди хъуэпсапIэщ.

Урыс Хьэталий, Iэмрокъуэ Ибрэхьим, Тамбий БетIал, Джаурджий Хьэтыкъэ, Ержыб Аслъэн, ХьэкIуащэ Андрей, Дзасэжь Хьэсанш, Багъ Николай, Тау Жанти, Зэхъуэхъу Лиуан, КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий, Гугъуэт Лол, Гугъуэт Лизэ, КIэрэф Мухьэмэд сымэ хэкупсэхэу, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зиужьын папщIэ лъэкI къамыгъанэу лэжьа щIэныгъэлIхэщ, ди нэхъыжьыфIхэщ. Абыхэм яужь иту лэжьыгъэшхуэ зэфIэзых щIэныгъэлIхэщ Сонэ Iэбдулчэрим, Гъут Iэдэм, ТIымыжь Хьэмыщэ, БищIо Борис, Абазэ Албэч, Къэжэр Хьэмид сымэ. ЩIыбагъ уимыIэуи гупи уиIэнукъым. Зэманым декIур лIыфIщ, - жиIащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Ди зэманым дэри декIуу дыщытыпхъэщ. Адыгэбзэр пщIэным фIагъыу къишэм и мыхьэнэм теухуауэ швед щIэныгъэлI Джон Коларуссо итхами фыщызгъэгъуэзэнут: *«Адыгэ грамматикэр тельыджэщ. Адыгэбзэм макъыу иIэр адрей бзэхэм елъытауэ куэд дыдэ мэхъу. Я морфологиери, синтаксисри гугъущ, ауэ ахэр къыщапсэлъкIэ апхуэдизкIэ компонент куэд мэлажьэ, клеткэ куэд къызэщIохъаери щхьэкуцIым зиужьынымкIэ, ефIэкIуэнымкIэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ауэ щыхъукIэ, ар зэщхьыр иджырей тренажёр залым укIуэу махуэ псом ущIэтынырщ. Адыгэбзэр зэвгъащIи, фи узыншагъэр сытым дежи тэмэмынущ».*

<u>Ширдий Маринэ - *«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:*</u>

Утыку дыкъыщIихьэм и япэ щхьэусыгъуэр адыгэбзэмрэ литературэмрэ теухуа щIэныгъэр зэрымащIэр, щIэблэм и гъащIэр, и лэжьыгъэр а щIэныгъэм ирипхыну зэрыхущIэмыкъур, ди бзэр гъащIэм къигъэув Iуэхугъуэхэм къыкIэрыху зэрыхъуар нэрылъагъущи аращ.

Мызэ-мытIэу къащтащ бзэхэр хъумэным, зегъэужьыным лъабжьэ хуэхъун хуей къэрал программэхэр. А программэхэм щыгъэбелджыла Iуэхухэм я нэхъыщхьэхэм щыщщ бзэхэм щIэныгъэ лъабжьэ яIэу зегъэужьыныр, анэдэлъхубзэр сабий садым къыщыщIэдзауэ курыт, ищхьэ еджапIэхэм щаджыныр, газетхэр къыдэкIыныр, радиомрэ телевиденэмрэ я нэтынхэмкIэ адыгэбзэм зрагъэужьыныр.

Зэ еплъыгъуэкIэ а псори щыIэщ, ауэ бзэм а къарур кIуэ пэтми щIокI. Абы и щхьэусыгъуэр дуней псом щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зэрепхам шэч хэлъкъым. Экономикэ, политикэ IуэхукIэ бжыпэ зыIыгъ къэралым и бзэри дунейпсо утыкум щытепщэ мэхъу. Зэгуэр апхуэдащ франджыбзэр, иджы езы франджы дыдэхэр егъэгузавэ инджылызыбзэр къазэребгъэрыкIуэм.

Дунейр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ, - щIыжаIар апхуэдэ зыгуэру къыщIэкIынщ. Пщэдей къэхъунур, бжыпэр зыубыдынур къэщIэгъуейщ. Ауэ дунейм дыкIэщIыхьэну дылъэпIастхъэурэ, дыдейм нэмыплъ щIеттыр гурыIуэгъуэкъым.

Сэ лъэпкъыр, хэкур, анэдэлъхубзэр фIыуэ флъагъу, жыпIэу зэгуэр къыхуебджэныр лейуэ къысщохъу. Уи щхьэр фIыуэ плъагъумэ, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу уи лъэпкъым ухэтынумэ, уеблэмэ нэгъуэщI лъэпкъми зыкъебгъэцIыхунумэ, пщIэ зыхуебгъэщIынумэ, уэ уи къежьапIэр пщIэн хуейщ.

Анэдэлъхубзэр щIызэбгъэщIапхъэм и етIуанэ щхьэусыгъуэр мы махуэхэм нэрылъагъу дыдэщ. ЦIыхухэр лэжьапIэ кIуэну Европэр я плъапIэу щытамэ, иджы ар мащIэ дыдэщ къызэхэулIэнур, езыхэм я цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщыжыфыркъыми. Хьэиху-бжэхуэщI жыхуаIэу укъагъэсэбэпын е щIэныгъэшхуэ гуэркIэ къыпхуэныкъуэн - Европэр къыщIыпхуеин ещанэ щхьэусыгъуэ щыIэу си щхьэкIэ сыщыгъуазэкъым. А псом тещIыхьауэ угупсысэмэ, анэдэлъхубзэр быным езыгъэщIа адэ-анэр нэхъ жыжьаплъэу къыщIэкIащ. Сэ фIыуэ сызыщыгъуазэ IэнатIэм и гугъу сщIынщи, щIалэгъуалэм лэжьапIэ нэхъ щагъуэтхэм ящыщщ республикэм и радиомрэ телевиденэмрэ, газетхэр. Къапщтэмэ, сыхьэт 17, кIэлъыкIуэу 24-кIэ жэщ-махуэм къриубыдэу лэжьэным зытезыгъэпсыхьыну республикэ телевиденэм иджыри куэдым IэнатIэ иритыфынущ. Ауэ абы щхьэкIэ, адыгэбзэм ухуэшэрыуэу, лъэныкъуэ куэдкIэ щIэныгъэ уиIэу ущытын хуейщ. А щIэныгъэмрэ адыгэбзэмрэщ иджы тхузэмыпхыжыр.

Бзэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ зызыужьауэ диIэр литературэбзэращ, ар прозэуи усыгъэуи къащти. Абы щхьэусыгъуитI иIагъэнущ: япэрауэ, ди япэ ита тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я адыгэбзэр беящ, нэгъуэщI къатегуплIэну хунэсатэкъыми, IуэрыIуатэр зи зэштегъэу адэшхуэ-анэшхуэхэм яIуатэ хъыбархэм щIапIыкIати. ЕтIуанэрауэ, Советхэм я зэманым зы лъэхъэнэ гъуэзэджэ щыIащ, цIыкIухэр пэщIэдзэ еджапIэм я анэдэлъхубзэкIэ щрагъаджэу. Абы хиубыдахэм я унэцIэ зыбжанэ фигу къэзгъэкIыжмэ, ар Нало Заурщ, дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлI Нэхущ Iэдэмщ, тхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борисщ, композитор, усакIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIилщ. Республикэм и цIыху пажэ куэдым я цIэ иджыри къипIуэфынущ, ауэ кIыхь зезгъэщIынкъым. АдыгэбзэкIэ еджащ мыхэр ебланэ классыр къаухыху. Ауэ я урысыбзэри нэхъ махэ хъуакъым. Я щIэныгъэращи, дунейпсо литературэмкIэ Налор къызэджэфыну щыта лекцэхэмкIэ абы къыдихьэхыфынут литературэм и фIыпIэр къэзыгъэщIа франджыхэри, итальянхэри, инджылызхэри. Си гугъэкъым абы шэч къытезыхьэн яхэту Налор зыцIыхухэм, абы и тхыгъэхэм щыгъуазэхэм.

Бзэм теухуауэ сыт нэхъ махэр жытIэмэ, - ар жылагъуэ, политикэ, экономикэ Iуэхухэм епха псалъэхэрщ. Къапщтэмэ, адыгэбзэр абы пэмылъэщыну аракъым. Iуэхур зылъахэр гъащIэм къыхыхьа псалъэщIэхэр бзэм къызэребгъэщтэфыну щIыкIэр зыубзыху гуп зэрымылажьэрщ. ЕтIуанэ щхьэусыгъуэр адыгэ газетхэмрэ журналхэмрэ еджэр зэрымащIэрщ. Ахэр дагъуэншэу жысIэфынкъым, ауэ политикэм, экономикэм, жылагъуэ Iуэхухэм епха псалъэхэм уи бзэр хуэкъута хъунукъым адыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм, журналхэм уемыджэмэ.

Жылагъуэр егъэджакIуэм щогугъ цIыху игъэсэну. Ауэ апхуэдэ къалэным ар щыпэлъэщынур езыр нэгъуэщIхэм ефIэкIмэщ. Дэнэ апхуэдэхэр къыздитхынур? Курыт еджапIэм фIыуэ щеджар ди университетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щIэмыкIуэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ, кIыхьу дытемыпсэлъыхьми. НэгъуэщI факультетхэм щIэмыхуэфахэр «университетым дыщоджэ» жаIэн къудей щхьэкIэ, адыгэ Iуэхум хэпщIэкIэ, сыт абы халъхьэфынур? Къабэрдейм адыгэбзэм и пщIэр апхуэдизу щIыщIехуэхам и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIауэ, хэкIыпIэхэр убзыхун зэрыхуейм нэгъуэщI щхьэусыгъуэ щымыIэми, егъэджакIуэхэр зэкъуэгъэувэн, абыхэм ядэIэпыкъун хуейуэ къыдолъытэ мы Iуэхур къезыхьэжьахэм.

Японием и щыIэкIэ-псэукIэм дыщызыгъэгъуазэ «Ветка сакуры» тхылъым дихьэхыу куэд еджауэ щытащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, 1987 гъэращ а тхылъыр дунейм къыщытехьар. Ар зытха Овчинников Всеволод дызыщигъэгъуазэхэм ящыщу нэхъ сигу къинар а къэралым щIэныгъэм гулъытэу щигъуэтырщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм щыгъуэ Японием университету иIам хуэдиз КъухьэпIэ Европэ псом щыIакъым. А университетхэр къазэрыщхьэпар машинэхэмкIэ, техникэмкIэ Япониер дуней псом щапхъэ хуэхъуным и закъуэкъым. ЩIэныгъэмрэ лъэпкъым къыдекIуэкI гъэсэныгъэмрэ щызэгъусэм и дежщ зы къару лъэщ щыхъур. Абы и щыхьэтщ Пронниковымрэ Ладоновымрэ зэдатха «Японцы» тхылъым къыщыхэгъэща мы гупсысэр. Зэрытха бзэмкIэ сыкъыфхуеджэнщ, хэщIи-хэлъхьи щымыIэн папщIэ: «Японская школа культивирует национальный дух японцев, формирует у своих воспитанников соответствующие нормы морали, закладывает и развивает у них черты национального характера. Такое воспитание оставляло на психике японцев неизгладимый след. Бывший премьер-министр Японии Танака по этому поводу говорил: «Даже став взрослым, я до сих пор, думая о том, как жить, исхожу из тех основ, которые были заложены во мне еще в начальной школе».

Дэнэ щыIэ Япониер, дэнэ дыщыIэ дэ, жытIэу ди щхьэ мыгъуагъэ хуэтхьыжынумэ, ар зы Iуэху еплъыкIэщ, ауэ урысым, адыгэм, тэтэрым, шэшэным, балъкъэрым, нэгъуэщI лъэпкъхэми я щIэблэм курыт еджапIэм апхуэдэ хужаIэфын хуэдэу едгъаджэ, дгъасэ щIэмыхъун щхьэусыгъуэ щыIэу, абы къэралыр хуэмейуэ си фIэщ хъуркъым. Лъэпкъ цIыху мащIэхэм я бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэн зэрыхуейм теухуауэ унафэ пыухыкIахэр ООН-м, ЮНЕСКО-м къащтауэ щыIэщ. Абы ифI къызэрыдэкIам и щапхъэ къэсхыфынущ. Мыр къызжезыIэжар Дунейпсо Адыгэ Хасэ зэхэшэныр зи жэрдэму щыта Хьэткъуэ Фэтхьищ. Ар Голландиерац щыпсэур. ДАХ-р къагъэщIыным тепсэлъыхьыну лIыкIуэхэр щрагъэблэгъам (абы КъБР-м, КъШР-м, АР-м икIахэр яхэтащ), а Iуэхум текIуэда псор Фэтхьи къезытар Голландиерац. «Уэ лъэпкъ мащIэм и бзэрэ и щэнхабзэрэ хъумэным теухуа Iуэху къыщегъэжьакIэ, зыпщIэдгъэкъуэныр ди къалэнщ», - къыжраIащ. Дуней псом фIыщIэ зыпылъу щагъэува Iуэхум ди къэралым и нэ хуиуфIыцIыну къыщIэкIынкъым икIи хуиуфIыцIыркъым. Зэребгъэджэну тхылъ къыдэбгъэкIыну ахъшэ къуэт, адыгэбзэмрэ литературэмрэ я дерсхэр ди еджапIэхэм щат. Дауэ а Iуэхухэм дызэрыпэлъэщыр - аращ псори зэлъытар. Къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ хухах сыхьэт бжыгъэр еджапIэхэм щызэхуэдэкъым: унафэщIымрэ абы и къуэдзэмрэ я лъэпкъ зэхэщIыкIым щелъыта къохъу дерсхэр зыхуэдизынур. Аращи, адэ-анэм, адэшхуэанэшхуэм, егъэджакIуэхэм я деж къыщыщIедзэ анэдэлъхубзэм и щхьэм кърикIуэнкIэ хъунур. Ауэ адыгэбзэм къэралыбзэ къалэныр хуэгъэзэщIэн папщIэ, абы лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын зэрыхуейр мы зэманым къыдгуригъэIуэжауэ къысщохъу.

Зытхыжар **ЩОДЖЭН Iэминатщ.**

Мы махуэхэм Къэзан щекIуэкI XXVII гъэмахуэ Универсиадэм Урысей Федерацэм и спортсменхэм нэхъапэм зэи ямыIа ехъулIэныгъэ къахуихьащ. Абы хэлъхьэныгъэфI хуащIащ прохладнэдэс Кучинэ Марие, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэу Галстян Арсен, Лабазинэ Мартэ сымэ.

ЛЪАГАГЪЫМ елъэнымкIэ куэдкIэ дызыщыгугъа Кучинэ Марие хуэфэщэну зыкъигъэлъэгъуащ. Мэремым екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм ди лъахэгъум къыпэхъун куэд и хьэрхуэрэгъухэм яхэтакъым. Иужь дыдэ дакъикъэхэм пщIондэ ар ерыщу япэщIэтащ Польшэм щыщ Степанюк Камилэрэ Эстонием къикIа Ильющенкэ Аннэрэ.

ИкIэм-икIэжым Кучинэмрэ Степанюкрэ я закъуэу къэнащ. А тIум языхэзрат Универсиадэм щытекIуэу дыщэр къэзыхьынур. ЛъагапIэр 1 метррэ сантиметр 96-м нэс яIэтащ. Марии Камили абы пэлъэщащ, аршхьэкIэ Польшэм къикIа спортсменкэм а Iуэхум тригъэкIуэдар бгъэдыхьэгъуэ нэхъ мащIэщ. Арати, зэхуэдиз лъагагъ къызэранэкIа пэтми, Степанюк дыщэр, Кучинэм дыжьынур ялъысащ.

Апхуэдэ дыдэ ехъулIэныгъэ зыIэригъэхьащ

● Универсиадэ-2013

Зэи ямыIа ехъулIэныгъэ

КъБКъУ-м и ещанэ курсым и студент, Олимп чемпион Галстян Арсен. Килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъ дзюдоистхэм я зэпеуэм ар етIуанэ щыхъуащ. Галстян къыщыхагъэщIэфар кIэух зэIущIэрщ. Абы хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуа Японием щыщ Кидо Синдзи ар пэлъэщакъым.

Лабазинэ Мартэ мы гъэм дзюдомкIэ цIыхубзхэм ирагъэкIуэкIа Европэм и чемпионатым къыщихьа дыжьын медалым Универсиадэм и жэзыр дыщIигъужащ. Финал цIыкIум абы къабзэу къыщытридзащ Украинэм щыщ Мурашкэ.

Къэзан щекIуэкI Универсиадэм и ебгъуанэ махуэм Урысей Федерацэм и студентхэм я командэ къыхэхар зэи къэмыхъуа ехъулIэныгъэм лъэIэсащ. Абы хузэфIэкIащ дыщэ медали 100-м щIигъу къихьын. Къыхэгъэщыпхъэщ адрей апхуэдэ зэпеуэхэм Къэзан щыIэр куэдкIэ зэрефIэкIыр. Къапщтэмэ, ди еджакIуэ спортсменхэм махуитху трагъэкIуэдауэ аращ нэхъапэм нэхъ ехъулIэныгъэ ин дыдэ щызыIэрагъэхьа 1973 гъэм Мэзкуу щекIуэкIа Студент джэгухэм щхьэпрыкIыжыным. Абы щыгъуэм медаль зэмылIэужьыгъуэу 134-рэ къахьат.

XXVII гъэмахуэ Универсиадэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам сыт и лъэныкъуэкIи зыри гъунэгъу къыщыхуэхъуфыркъым. Дыдейхэм пашэныгъэр яIыгъщ дыщэу, дыжьыну, жэзу къахьа медалхэм я бжыгъэхэмкIэ. Абы къыкIэлъыкIуэ Япониемрэ Китаймрэ езыхэр етIуанэ увыпIэм иризэныкъуэкъужу аркъудейщ, япэр къазэрыIэрымыхьэнур апхуэдизкIэ нэрылъагъущи. Псоми яфIэгъэщIэгъуэну Къэзан хуэмыхуу зыкъыщагъэлъагъуэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я студентхэм. Абыхэм я дежкIэ дыщэ медалиблыр мащIэ дыдэщ.

Совет Союзым къытепщIыкIыжа къэралыгъуиплI Универсиадэ-2013-м и гуп нэхъыфIипщIым иджыпстукIэ хохьэ. Ар ехъулIэныгъэ инщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Къэзан щекIуэкI XXVII Дунейпсо гъэмахуэ Универсиадэм къыщахьа медалхэр

	Командэхэр	Дыщэ	Дыжьын	Жэз	Псори
1.	Урысей Федерацэ	104	56	50	210
2.	Япония	19	20	23	62
3.	Китай	16	22	12	50
4.	Корее	15	7	9	31
5.	Украинэ	11	20	24	55
6.	США	7	11	9	27
7.	ЮАР	6	3	4	13
8.	Австралие	6	3	3	12
9.	Белоруссие	5	7	8	20
10.	Литва	5	1	2	8

Кучинэ Марие лъагапIэр къещтэ.

● Футбол

Чеботару Евгений къыдэщIхэм фIыщIэ яхуещI.

Къикlуэт ямыщIэу.

Нэгъабэрейм йофIэкI

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нефтехимик» (Нижнекамск) - 2:1 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 13-м. ЦIыху 1200-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Чернов (Мэзкуу), Пищулин (Ульяновск), Крохин (Калининград).

«Спартак-Налшык»: Степанов, Гарбуз, Тимошин, Овсиенкэ, Засеев, Руа, Коронов (Рухаиа, 70), Чеботару, Медведев, Аверьянов (Лlуп, 89), Сирадзе (Буйтрагэ, 80).

«Нефтехимик»: Лосев, Дранников, Рябошапкэ, Пискунов, Джалилов (Мирзаев, 70), Манучехр, Махмутов, Умарбаев (Кузяев, 62), Камболов, Дзахов, Нуров, Уридия.

Топхэр дагъэкIащ: Чеботару, 7 (1:0). Сирадзе, 18 (2:0). Дзаховым, 93 (2:1).

Дагъуэ хуащIащ Рябошапкэ, Аверьяновым, Кузяевым, Рухаиа.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуэм Саранск щыIэу 0:3-уэ къызэрыхагъэщIар «Спартак-Налшыкым» хэтхэми абы дэщIхэми удынышхуэ яхуэхъуащ. АдэкIэ куэд елъытат ар зэрагъэзэвыфыну щIыкIэм. Iуэхур зэрымыщIэкIэ къэхъуауэ, судьяхэм я зэранкIэ лей къатехьауэ пхагъэкIыфмэ, я къарури къызэщIэрыуэжынут. Абы папщIэ етIуанэ джэгугъуэм Нижнекамск къикIа «Нефтехимик»-р Iэмал имыIэу щыхагъэщIэн хуейт икIи бжыгъэр нэхъ иныхукIэ нэхъыфIт. АрщхьэкIэ ар Iуэху тынштэкъым, нэгъабэ, иджыри хуэдэ дыдэ зэманым, къэхъуахэр уигу къэбгъэкIыжмэ. Абы щыгъуэм ди щIалэхэр «Уфа»-м пэщIэдзэ зэIущIэм щытекIуэри, къыкIэлъыкIуэм «Нефтехимик»-м Налшык къэкIуауэ 1:3-уэ къыщыхигъэщаIуэ щытащ. Ар, дауи, псоми ящIэжырт.

Нэгъабэрей щIэщхъум къытримыгъэзэн папщIэ «Спартак-Налшыкым» лъэкI къигъэнакъым. КъищынэмыщIауэ, ди щIалэхэм я насыпти, нижнекамскдэсхэм яхэтыжтэкъым абы щыгъуэм топитI къахудэзыгъэкIауэ щыта (иужькIэ Нижнекамск щыкIуам иджыри 3 дыщIигъужащ) Портнягин Игорь.

«Нефтехимик»-м Налшык къыздишар футболист пщыкIуплIт, пщыкIуийм и пIэкIэ. Ахэр псори, етIуанэ гъуащхьэтетым къищынэмыщIауэ, щэбэтым и пщыхьэщхьэм ди щIалэхэм къапэщIэтащ. Абы къегъэлъагъуэ Тэтэрстаным лъэщагъкIэ и етIуанэ командэр зэхьэзэхуэм иджыри зэрыхуэмыхьэзырыщэр.

«Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъум и апхуэдэ щытыкIэр хъарзынэу къигъэсэбэпащ. Абы мы зэIущIэр хуабжьу жыджэру къыщIидзащ икIи «Нефтехимик»-р и гъуэм ирикъузылIэжащ. ХьэщIэхэм зэрызахъумэжын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэрахуэжыртэкъым. АрщхьэкIэ ари тэмэму къайхъулIакъым. Ебланэ дакъикъэм Чеботару Евгений бжыгъэр къызэIуихри, налшыкдэсхэр япэ иригъэщащ.

ПсынщIэ дыдэу ехъулIэныгъэ къазэрыIэрыхьам ди щIалэхэр нэхъри тригъэгушхуащ. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъри къызэщIэплъэрт. Апхуэдэ джэгукIэм нижнекамскдэсхэр хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ икIи мыгувэу етIуанэ топри къыхудагъэкIащ. ЕпщыкIуиянэ дакъикъэм ибгъумкIэ икIа топыр Аверьяновым IэкIэ жыжьэу «Нефтехимик»-м и гъуэмкIэ къидзащ икIи ар Сирадзе къыIэрыхьащ. Ди гъуащхьауэм и зыгъази и еуи зы ищIри, бжыгъэр игъэбэгъуащ.

Пасэ дыдэу 2:0-у «Спартак-Налшыкыр» япэ зэрищам быдэу хьэкъ къыпщищIырт мы зэIущIэм псори зэрыщыгурыIуэгъуэр. Ар я фIэщ хъужащ езы футболистхэми. Ди щIалэхэм адэкIэ гугъу зрагъэхьыщэртэкъым, хьэщIэхэми я лъэр щIэхуат. ЗакъуэтIа къуэщ лъэныкъуитIми егъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр къыщызэрагъэпэщар, ауэ абыхэми зыкъомрэ зыри къикIакъым.

Сирадзе Давид (№8) ерыщу йобгъэрыкIуэ.

Апхуэдэу джэгур иухыну къыщIэкIынт, зэIущIэм къыщIагъуа дакъикъэхэм судьям ди лъэныкъуэмкIэ штрафной кърримыгъэуатэмэ. «Нефтехимик»-м и гъуащхьауэ Дзаховым лъэщу иутIыпща топыр пкъом жьэхэуэри къигъэлъеижащ икIи, напIэзыпIэм ди гъуащхьэтетым и дамэм техуэри, гъуэм къыщыхутащ - 2:1. Ар кIэух бжыгъэт, сыту жыпIэмэ, адэкIэ джэгуну зэман къэнэжатэкъым.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм бжыпэр щаубыдащ пэщIэдзэ зэIущIитIми щытекIуа «Мордовия»-мрэ «Арсенал»-мрэ. А командитIращ зэкIэ очко зыфIэмыкIуэдар. Абы щыгъуэми саранскдэсхэм я зэIущIитIри я стадионым щрагъэкIуэкIащ.

Красноярск бжыгъэшхуэкIэ щытекIуэу хъарзынэу щIэзыдза «Ротор»-м етIуанэ зэIущIэр къехъулIакъым. Волгоград къэкIуа «СКА-Энергия»-м ар къыхигъэщIащ.

Профессионал Футбол Лигэм и унафэщIхэр хуабжьу ирипIейтейуэ пэплъащ илъэс зыбжанэ хъуауэ зыщыIеяуэ екIуэкI Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ Ингушымрэ я командэхэм я зэIущIэм. Нэгъабэрей зэхьэзэхуэм и кIэухым топджэгум дихьэххэм джэгур къызэрызэпаудам къыхэкIыу Владикавказ щыIэ стадионым тезыр тралъхьати, «Алания»-м «Ангушт»-р Пятигорск къыщригъэблэгъащ. Абы лъэныкъуэхэм я зэпэщIэтыныгъэр зыкъомкIэ игъэщэбащ икIи джэгупIэ губгъуэм игъэIэпхъуащ. Осетинхэм дагъэкIа топ закъуэм текIуэныгъэр къахуихьауэ ар иухащ.

АдэкIэ фыщыдогъэгъуазэ япэ дивизионым хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэ псоми: **«Алания»** (Владикавказ) - **«Ангушт»** (Нэзран) - **1:0**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Химик»** (Дзержинск) - **1:1**, **«Салют»** (Белгород) - **«Газовик»** (Оренбург) - **1:1**, **«Ротор»** (Волгоград) - **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **1:2**, **«Торпедо»** (Мэзкуу) - **«Енисей»** (Красноярск) - **0:0**, **«Арсенал»** (Тулэ) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **2:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Шинник»** (Ярославль) - **0:1**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **4:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Санкт-Петербург щригъэкIуэкIынущ. Бадзэуэгъуэм и 18-м ар IущIэнущ япэ зэIущIитIри зыфIахьа «Динамо»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Мордовия»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**7-1**	**6**
2.	**«Арсенал»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**3-0**	**6**
3.	**«»СКА-Энергия»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**2-1**	**4**
4.	**«Газовик»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**2-1**	**4**
5.	«Шинник»	2	1	1	0	2-1	4
6.	«Уфа»	1	1	0	0	2-1	3
7.	«Ротор»	2	1	0	1	5-3	3
8.	«Алания»	2	1	0	1	2-2	3
9.	«Сибирь»	2	1	0	1	2-3	3
10.	**«Спартак-Налшык»**	**2**	**1**	**0**	**1**	**2-4**	**3**
11.	«Балтика»	2	0	2	0	2-2	2
12.	«Салют»	2	0	2	0	1-1	2
13.	«Химик»	1	0	1	0	1-1	1
14.	«Нефтехимик»	2	0	1	1	2-3	1
15.	«Ангушт»	2	0	1	1	1-2	1
16.	**«Торпедо»**	**2**	**0**	**1**	**1**	**1-2**	**1**
17.	**«Енисей»**	**2**	**0**	**1**	**1**	**1-4**	**1**
18.	**«Луч-Энергия»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-2**	**0**
19.	**«Динамо»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**1-5**	**0**

ЗэIущIэ нэужьым

ХУЗИН Рустэм, *«Нефтехимик»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

ПэщIэдзэ дакъикъэхэм псори наIуэ ящIащ

- Налшык и командэр нэхъ Iэзэщ икIи зэфIэкI зиIэщ. СызэригугъэмкIэ, ар премьер-лигэм щIэбэныну гупхэм ящыщ зыщ.

Нобэрей зэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэм къагъэлъэгъуащ хэт сыт ищIысми. Налшыкдэсхэм тепщэныгъэр псынщIэу яубыдащ, ди щIалэхэр икIуэтащ. Япэ топыр къытхудагъэкIа иужькIэ, бжыгъэр зэхуэдэ тхуэщIыжыну щытащ, арщхьэкIэ къытхукъуэкIа Iэмал хъарзынэр къытхуэгъэсэбэпакъым.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм джэгур щекIуэкIар гъуэхэм япэжыжьэущ. Абы къыхэкIыу топ дэдгъэкIыну лъэныкъуитIми Iэмал щIагъуэ диIакъым.

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Топ дыдогъэкIри, дыкъоувыIэж

- Хьэрхуэрэгъум и гур итхыпэн и пIэкIэ, топ дыдогъэкIри, дыкъоувыIэж... Зэрыщыту къапщтэмэ, текIуэныгъэр къэтхьащи, абы дыщогуфIыкI.

- Саранск щыIэу бжыгъэшхуэкIэ япэ зэIущIэм къазэрыщытекIуар ди щIалэхэм Iейуэ зыхащIа?

- Дауи, ар хуабжьу хьэлъэщ. Ауэ иджыри зэ къытызогъэзэжри, «Мордовия»-м дыщыдэджэгуам пенальти ди гъуэм кърагъэуэн хуэдэу зы щхьэусыгъуи щыIакъым.

- НтIэ, судьяхэм щхьэкIэ фытхьэусыхакъэ?

- Зыри и мыхьэнэкъым. ЗэIущIэм и инспекторращ судьям и лэжьыгъэр къэзыпщытэн хуейр.

- «Спартак-Налшыкым» мыгъэрей зэхьэзэхуэм къыщыхуагъэува къалэнхэр зэкIэ ягъэнэIуакъым...

- Къалэныр убзыхуащ: топджэгум дихьэххэм дэрэжэгъуэ еттынырщ икIи зэIущIэ къэс текIуэныгъэм дыщыхущIэкъунырщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Лъэпкъ Iуэху

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым



«Абгъуэншэ бзухэр»... Дунейм къытехьащ зэманым пэджэж тхылъ щIэщыгъуэ. Ар зи къалэмым къыщIэкIар Бакъ Зерэщ.

ТХЫЛЪЫМ и Iыхьэхэм образ лъагэхэр къызыхэщ фIэщыгъэцIэхэр абы иритащ.

«Анэм и макъыр щысхуэбзэрабзэкIэ» Iыхьэм къыщIедзэ КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романым щыщ псалъэхэмкIэ.

Абы щызэпкърыхащ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ усакIуэхэм ящыщхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Ахэр ЖыркIагуэ Фэтихь, Къалмыкъ Беслъэн, СтIащ Издин, Уджыхъу Исам сымэ я усэхэрщ. Мыхэр зытетхыхьыр Хэкурщ, адэжь лъапсэрщ. Аращ зымыгъэжейр, зыгъэгупсысэр, хэзыгъаплъэр. «Усэныр мыбыхэм я къалэн нэхъыщхьэу щыткъым, атIэ я губампIэр усэбзэкIэ къаIуатэ къудейуэ аращ... ФIыщIэ лей ябгъэдэлъщ, хамэщIым ди бзэр щызыхъумахэм, ди бзэмкIэ тхыгъэ къэзыгъэнахэм». Тхылъыр зэрыгуапэм и нэщэнэхэм ящыщщ мы псалъэхэр.

Усэхэм ящIэлъ гупсысэм ухуешэ Сирием щекIуэкI гузэвэгъуэм. «Сыт и нэгу щIэкIын хуей иджырей цIыхур зытет дунейр зэрытIасхъэр, зэрымахэ дыдэр къыгурыIуэн щхьэкIэ? Сыт илъагъун хуейуэ пIэрэ? Е сыт имылъагъуу къэнэжар? Мыпхуэдиз зауэм дерс гуэр щхьэ къыхамыхрэ? ЦIыху букIыну апхуэдизу тыншу щIыщытыр сыту пIэрэ?» УпщIэ и куэдщ авторым. Зауэм кърихужьэжахэм щхьэкIэ жеIэ: «Дэри мыбыхэм нэхъыфI дгъуэтынукъым, езыхэми драмыIэжмэ, хэкIуэдэжынущ. КIыщокъуэ Алим «абгъуэншэ бзухэр хадэм къихьэм» жыхуиIаращ. Мыхэр нобэ абгъуэншэхэщ, ауэ ди хадэм къыщитIысхьакIэ, къыщагъэзэжакIэ, Алыхьым иджыри зы Iэмал, зы еплъыгъуэ къыдиту аращи, е къыдогъэсэбэп, е «Iыхьлыншэу губгъуэм къина щIалэу» ди щIыбагъыр зэхудощIыж». Тхылъым и фIэщыгъэцIэр зэрыхуэфащэри мыбдеж гурыIуэгъуэ дыдэ щещIыж. Мы Iыхьэр зыхуэгъэпсар Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэрщ.

ЕтIуанэ Iыхьэр хухихащ Бабыгу Эргун и усыгъэхэм. «Къигъэзэжащ уи къуэ кIуэдам, уэ къуэ ухуэныкъуэу щытмэ». ЕхьэкI-къехьэкI хэмылъу усакIуэм къыдиутIыпща мы псалъэхэм дызыщIагъэгупсысыжын хуейт... Бабыгум «Хэкур ди унэщ, лъэпкъыр ди унагъуэщ», - жеIэ. Абы къыхэIукI мыхьэнэр зыхуэдизыр дэтхэнэми къыгурыIуамэ, бетэмал... Мыбдежым усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щыщхэри къыщыхьащ.

Иужьу къокIуэ Дыджэ Миланэ «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым» зыфIища и усэр.

Тхылъым и пэжагъыр щIигъэбыдэжу абы сурэтхэри къыщыхьыжащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Аргуэру хэщIыныгъэ

Республикэ сымаджэщым полицэм и сержант Къуэн Аслъэн зыкъимыщIэжу и псэр щыхэкIащ.

Бадзэуэгъуэм и 13-м къалэныр езыхьэкI полицэм и лэжьакIуищым шэч зыхуащIа цIыхуищ я дэфтэрхэр къапщытэн мурадкIэ Налшык къалэ къыщагъэувыIащ. Иужьрейхэр хабзэхъумэхэм къахэуэу щIадзащ. А махуэ дыдэм хэкIуэдащ полицэм и прапорщик Верещагин Дмитрий. Полицэм и сержант Къуэн Аслъэнрэ и ныбжьэгъумрэ уIэгъэ хъуащ. Дохутырхэр абыхэм я гъащIэм ерыщу щIэбэнащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м полицэм и плъыр-пост къулыкъум и батальон щхьэхуэм и 1-нэ ротэм и 2-нэ взводым хэт, полицэм и сержант Къуэн Аслъэн Зулымбэч и къуэр 1980 гъэм фокIадэм и 29-м къалъхуащ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм 2010 гъэм лэжьэн щыщIидзащ, иужьрей къулыкъур 2012 гъэм и щIышылэм щыщIэдзауэ ирихьэкIырт. Абы сабий цIыкIуитI къыщIэнащ. Къуэн Аслъэн гугъуехьым зыпыIуидзыртэкъым, шынэ зымыщIэт.

КъБР-м щыIэ МВД-м полицэм и плъыр-пост къулыкъум и батальон щхьэхуэм и 1-нэ ротэм и 2-нэ взводым и къудамэм и унафэщI полицэм и прапорщик Верещагин Дмитрий Владимир и къуэр 1981 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м къалъхуащ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм 2007 гъэм лэжьэн щыщIидзащ, иужьрей къулыкъур 2012 гъэм и щIышылэм щыщIэдзауэ ирихьэкIырт.

Верещагинымрэ Къуэнымрэ Налшык къалэрэ Плановскэ къуажэмрэ щыщIалъхьащ.

БзаджащIэр хэтми яубзыху

КъБР-мкIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и IэнатIэмрэ Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакIуэхэм Урысей МВД-м и пресс-центрым къызэритамкIэ, 2013 гъэм бадзуэугъуэм и 15-м къэлъыхъуэныгъэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIым, Акъбащ Ищхъэрэ, Терекскэ къуажэхэм я зэхуакум щыIэ мэз кусэм ВАЗ-2109 атвомашинэ дыжьыныфэ щрихьэлIащ. Ар къапщытэну иужь щихьэм, шоферым полицейхэм гранатэ къахидзэри, IэщэкIэ къахэуэн щIидзащ. Абы хабзэхъумэхэр щыпэджэжым, къатеуар якIащ. Бандэ гупым ящыщ етIуанэр мэз кусэмкIэ зыбжанэрэ къыхэукIри, зигъэпщкIужащ. КъБР-м щыIэ МВД-м и СОБР-р я щIэгъэкъуэну ар къалъыхъуэ. ЗэраубзыхуамкIэ, якIа бзаджащIэр Тэрч куейм хыхьэ Плановскэ къуажэм щыщщ, I990 гъэм къалъхуащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэр, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Журналистхэм я союзыр, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м я лэжьакIуэхэр **Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Куп Зое** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмэт *(1, 4 -нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Мариннэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1815